

Bagay Ki Oblije La Yo

65-1205

Premye Asanble De Dye, Rialto, Kalifòni, Etazini

1 Pou frè Boone ak kongregasyon an, sa se sètènman yon—yon gwo privilèj pou m tounen San Bernardino ankò. Plas sa a kenbe anpil bèl souvni sou jou ki pase yo. Epi pou m tande sa, vizit nou isit la, toujou gen yon enfliyans vivan, franchman, li sètènman fè nou santi nou kontan ke Seyè a te dirije nou isi a, kèk ane de sa.

2 Mwen te jis chita la deyò a nan pakin lan, jis kounye a, m ap eseye sonje youn nan evènman ki te pase yo. Te gen yon Madam Isaacson ki te entèprèt mwen nan Fenlann, nan yon kanpay an Fenlann, epi li te vin pwoche bò machin lan pandan mwen te jis pral pati. Epi li te di : "Vwa w nan Fenlann." Epi mwen jis mande m si Madam Isaacson abite pa bò isit la. Mwen pa t konnen. Sa pa sanble li la aswè a, mwen sipoze? Madam May Isaacson, epi li soti nan Fenlann.

3 Alò yon lòt bagay ekstraòdinè ki te vini nan memwa m, se te yon ti sèvez nan yon restoran kote mwen t al manje, yon kote tou pre, yo rele Otèl Antlers. Mwen kwè ke se sa, kounye a. Epi ti dam nan te gen... Mwen t ap priye avè l. Li te gen... Li, se te yon bèl ti dam, men li pa t yon Kretyèn. Mwen te envite l nan reyinyon an. Epi li te pèdi yon ti bebe, e mwen kwè ke mari l, yo te separe. Epi nou t ap priye pou l ta rekonsilye ak mari l, oswa pou yo ta ranje sa ansanm. Kidonk, mwen jis mande m si ti dam sa a ta ka prezan. Ou wè? La...

4 Answit yon lòt evènman ki te fèt, se te yon ti bebe yo te mennen soti yon kote, ki pran yon jounen pou vini nan vwati. Epi li te mouri, li te blayi nan bra manman an. Epi li te retounen jwenn lavi. Eske se... Èske moun sa a ta prezan isit la? Epi li te soti, mwen kwè, nan yon Eta ki nan direksyon sa a, ozalantou, anwo bò isit la. Epi ti manman an te kondwi tout nwit lan, ak papa a, epi ti manman an te chita la, byen tris, li te kenbe ti bebe li a ki te mouri a. Epi mwen

te panse : "Gade yon fwa!" Menm si mwen te pi gwo ipokrit nan mond lan, Bondye t ap onore fwa manman sa a.

Mwen te kenbe ti bebe a nan men m, *konsa*, antan m t ap lapriyè. Kò l te vin cho, li te kòmanse bouje, li te louvri ti je l yo. Mwen te remèt li bay manman an. Kifè, yo te soti yon kote. Sepandan mwen pat panse yo te Pannkotis. Yo te jis...Mwen kwè se te jis kèk legliz, ki soti nan...Mwen pa menm konnen si yo te Kreyen, ou pa. Mwen pat janm mande yo. Mwen te jis tèlman kontan ke ti bebe a te retounen jwenn lavi ankò.

Depi lè sa a, frè Boone, anpil dlo koule desann nan rivyè a. Men nou toujou ap sèvi menm Bondye a Ki rete menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan.

5 M jis gade nan alantou, mwen wè Frè Leroy Kopp ki chita isit la. Se premye fwa mwen wè l depi lontan. [Yon frè di: "Li se Paul Kopp la." — Editè a.] Paul. Se vre. Leroy se papa ou. Se vre. ["Epi li—li nan Larisi, aswè a, kidonk priye pou li."] O, la la! Larisi. Ebyen, sa se, mwen konnen, brav sòlda sa a la, li la nan zafè Wa a. ["Se egzak."] Kidonk, sètènman mwen kontan pou m isit la e pou m tandè jèn minis sa a ki di li te enspire pa ministè nou te genyen pandan nou te isit la. Ala yon gwo frison sa fè!

E mwen gen konfyans kounye a, ke, antan nou konnen gen ... Moun yo kanpe, epi nou pa pral kenbe twò lontan. Nou sonje gwo sèvis gerizon sa yo.

6 Alò mwen konprann ke gen yon—yon—yon frè isit la nan katye a, yon kote, k ap fè yon kanpay gerizon, yon Frè Leroy Jenkins. Mwen kwè ke se kòrèk. E konsa mwen trè rekonesan, mwen kwè ke Seyè a ap beni l epi ba li yon gran, gran sèvis. Li...

O, la la, mwen te santi m vrèman onore, aswè a, pou m antre nan yon legliz konsa. Mwen toujou santi m pi byen nan yon legliz pase mwen ye nan oditoryòm sa yo. Pa gen anyen kont oditoryòm nan. Men, ou konnen, mwen... Li ka yon sipèstisyon, oswa mwen jis... Sanble pou mwen se tankou yon verite. Ou wè? Yo... Ou antre nan oditoryòm sa yo kote gen batay, lit, tout kalite espetak, tout lòt bagay k ap pase, move lespri sanble pandye ozalantou kote sa yo. Bon, sa ka sanble yon sipèstisyon, men se pa sa. Men lè ou antre nan yon legliz, ou...anjeneral, sètènman si se yon kongregasyon espirityèl, li sanble tankou, se sa ki, ou--ou santi ou plis an libète, tankou gen--gen yon bagay. Prezans Bondye la. Ou konnen, li sanble diferan. Mwen pa konnen ki efè bilding nan genyen, men se kote moun yo rasanble.

Natirèlman, menm moun yo nan lòt kote, men sou move teren sa yo. Petèt se jis mwen ki panse konsa. Men, de tout fason, mwen byen kontan isit la aswè a.

7 Epi kounyeya, nou pa vle kenbe w twò lontan, paske nou se yon oditwa ki kanpe. Epi nou prale, demen swa, yon lòt kote isit la. Mwen pa menm konnen ki kote li ye. Li toupre isit la. [Yon frè di: "Oditoryòm Orange Show." — Ed.] Ki kote? ["Oditoryòm Orange Show."] Orange Show Auditorium, pou sèvis yo demen swa. Mwen...Sa a se ant, m ap pale nan yon toune pou—gwoup biznisman Òmdafè Plen Evanjil yo. Pou ki, mwen te gen privilèj pou pale atravè mond lan, pou yo. Kifè, ladann, yon zanmi trè chè envite nou isit la, epi nou kontan pou n nan asanble a aswè a.

8 Kounye a, anvan nou louvri Bib la... Kounye a, nenpòt moun ki gen fòs fizik kapab ouvri Li nan fason sa a. Ou wè? Men sa pran Lespri Sen an pou louvri Pawòl la pou nou, louvri konpreyansyon nou epi revele Ekriti yo. Mwen kwè nan Bib la. Mwen kwè ke Se Pawòl Bondye a. Epi mwen kwè ke tè a, oswa pèp ki sou tè a, pral jije yon jou pa Pawòl sa a. Koulye a, sa ka sanble etranj. Koulye a, gen anpil ki diferan ak lide sa a.

9 Mwen t ap pale ak yon zanmi m trè fidèl, sa pa gen lontan, ki se Katolik. Epi li te di, "Bondye pral jije mond lan pa legliz Katolik." Si se konsa, ki legliz Katolik? Ou wè? Kidonk, si Li jije li pa Metodis, alò e Batis? Ou wè? Si li jije li pa youn, lòt la pèdi. Kifè, gen twòp konfizyon la.

Men nou dwe ale Ladann, pou nou jwenn vrè deklarasyon nou--nou an, e Bib la di Bondye pral jije mond lan pa Jezikri. E li se Pawòl la. Sen Jan 1, "Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè chè, li te rete nan mitan nou." Epi Ebre 13:8 di : "Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan." E mwen kwè ke se Laverite. Koulye a, mwen kwè ke nan...

10 Bondye, nan kòmansman an, se Bondye enfini an; Li limite...oswa enfini, pito. Nou se sila yo ki limite. Panse Li sitèlman pi gran, e nou menm, ak ti panse limite nou an, nou pa ka konprann gran sajès enfini Li an. Men se poutèt sa, lè Li pale yon bagay, sa ka parèt trè etranj pou nou, pou tande Li di yon sèten bagay nan Lekriti, men li dwe rive. Mwen kwè ke Pawòl li yo p ap janm pase. Se poutèt sa, mwen kwè ke Bondye, poutèt Li konnen ke noumenm ak ti panse limite nou an pa t ap kapab entèprete Li—gran lespri Li a, Li entèprete Pwòp Pawòl Li.

Li pa bezwen okenn entèprèt. Li entèprete Pwòp Pawòl Li, nan jistifye Pawòl sa a nan sezon Li.

11 Mwen kwè ke, Bondye, nan kòmansman an, ke Noye te Pawòl pou jou sa a, pou Mesaj li a.

Kounye a, vini, apre sa, Moyiz vini. Kounye a, Moyiz pa t ka pran Pawòl Noye a. Li pa t kapab bati yon bato epi fè yo flote soti nan peyi Lejip, nan larivyè Nil la, oswa nan peyi pwomiz la, oswa yon lòt bagay. Mesaj li a pa t ap fonksyone nan epòk Noye a; sa se pati nan Pawòl Bondye ki te jistifye kòm Verite pa Moyiz.

Jezi pa t ka genyen Pawòl Moyiz la tou. Epi...Luther pa t ka kenbe pawòl legliz Katolik la. Wesley, li pa t ka kenbe Pawòl Luther a. Epi Pannkòt la, yo pa t ka pran Pawòl Methodis la. Yo... Ou wè?

Legliz la ap grandi. Chak laj, li pote yon pòsyon nan Lekriti isit la. Kidonk, Bondye, atravè Sentespri a, revele Pawòl Li a, lè Li manifeste L epi jistifye L, Li menm, lè Li montre ke Se Pawòl Li ki te akonpli nan jou Li te pwomèt la.

12 Jezi te di sa. Li te di: "Si nou pa ka kwè M, kwè zèv mwen fè yo," paske yo temwaye de Kiyès Li te ye, ou wè, si yon moun ta konnen Lèzekriti.

Kounye a, Li vini sitèlman biza, sitèlman etranj, ke moun yo pa t vle kwè nan Li, paske : "Li te yon Nonm, Li t ap fè tèt li Bondye."

Kifè, Li te Bondye, nan yon fòm. "Bondye te nan Kris, Li t ap rekonsilye mond lan ak tèt Li."

"Epi pèsonn pa ka fè zèv sa yo san Bondye pa avè l," jan nou konnen Nikodèm te di sa. Sa, Sanedren an te kwè sa.

13 Kounye a, nou konnen ke, Pawòl sa a... Si yo te konnen Pawòl la! Li di: "Si nou te konn Moyiz, nou t ap konnen M, paske Moyiz te ekri sou Mwen." Epi nou gade. Si yo te gade dèyè nan Lèzekriti, wè kisa Mesi a te sipoze fè, lè sa a yo ta konnen L atravè konfimasyon, ke, "Bondye, atravè Kris la, t ap rekonsilye mond lan avèk Limenm," epi fè reyalize tout pwomès yo sou sa Mesi a te gen pou L fè yo. Jezi te rann temwayaj de Pawòl sa a, e Li te fè Pawòl sa a viv pou jou sa a.

14 Epi mwen kwè se menm bagay la n ap viv jodi a: Bondye ap rann temwayaj de Pawòl Li a, lè L konfime sa Li te di L t ap fè a. Bon, nou konnen ke jodi a se jou sali a, kote Bondye ap rele moun nan mond lan, soti nan yon vi nan peche, pou yon vi nan sèvis. Epi nan jou Bondye te vide Lespri L soti Anwo a, gwo siy ak mèvèy gen pou akonpaye ministè jou sa a. Sa a se... lè lapli premye ak dènye sezon an ap tonbe, ansanm. Epi nou konnen ke sipoze gen gwo siy ak bèl mèvèy. Sa ki, nan anpil gwo denominasyon, yo mete Sa deyò.

Men mwen trè rekonesan pou pòt sa yo ki te louvri pou mwen, pou mwen antre, ak enspirasyon ki bay a jèn gason tankou pastè nou isit la. Se sa ki lakòz yo... Pandan m ap kòmanse vin granmoun, epi mwen konnen jou mwen yo konte, epi kounye a m konnen ke jènjan sa yo ka pran Mesaj sa a epi repann Li jouk Vini Seyè a, si Li pa vini nan jenerasyon mwen an. Se ke, mwen espere wè Li. M ap chèche L chak jou, m ap veye, m ap prepare m pou lè sa a.

15 Kounye a, ann pale ak Otè a anvan nou li Liv Li a, pandan n ap bese tèt nou.

Papa nou ki nan Syèl la, nou rekonesan anvè Ou, poutèt nou vivan aswè a, pou n retounen nan gwo vil sa a. Antan nou chita isit la ap gade peyizaj sa anlè a sou mòn yo, nou voye je n anlè pou wè nèt la, ak flè zoranj yo ki fleri, an menm tan an, ala yon mond mayifik Ou ban nou pou nou viv ladann! E konbyen nou wè lòm detounen epi—epi ap aji nan monn sa a, sa fè nou wont tèt nou, Papa.

Nou isit la, aswè a, pou nou eseye fè efò nou yo soti, pou nou eseye fè lèzòm wè gwo bagay sa Bondye fè a, epi fè konnen gen yon bagay ki pi gran jis pi lwen. Se pou nou gade sou sa, aswè a, Papa, pandan n ap vire nan Pawòl Ou epi li. Nou ka li Li, Papa, men kite Sentespri a revele nou li gras a revelasyon an. Paske nou mande li nan non Jezi. Amèn.

16 Kounye a, nou menm ki renmen petèt pran nèt, epi—epi li Lèzekriti avèk minis la, jan—jan yo li Li dabitid. Epi sa te konn rive, lè mwen...dèzane de sa, mwen pa t oblije note Ekriti mwen yo, ak lòt bagay. Men, mwen vin yon ti kras pi aje depi lè sa a. Ou wè? Mwen jis pase vennsenkan, jis dènyèman, vennsenk lane de sa. Kifè, sa fè li yon ti jan difisil. Men mwen toujou ap eseye kenbe sou tout sa mwen konnen pou m fè nan Pawòl Li a, jiskaske Li rele m.

17 Kounye a, ann tounen nan Sen Jan chapit 14 la, yon vèsè ki byen familye ke nou vle li aswè a, pou nou tire nan sa Sijè sa a, si Seyè a vle. Prèske tout moun konnen sa. Li sanble

ke, anpil fwa, yo itilize l nan sèvis fineray. Si te janm gen yon lè mwen ta renmen preche yon sèvis fineray, se fineray mond sa a. Se pou l mouri epi refèt ankò. Sen Jan 14:1 jiska 7, mwen kwè, mwen te note l isit la.

Pa kite kè nou boulvèse: si nou kwè nan Bondye, kwè nan mwen tou.

Nan kay Papa m, gen anpil kote pou moun rete: ...si se pat konsa, mwen pa tap di nou. Mwen prale epi prepare yon plas pou nou.

...si m ale epi prepare yon plas pou nou, m ap tounen ankò, epi m ap pran nou avèk mwen; Konsa, kote mwen va ye a, se la nou va ye tou.

...nou konnen kote mwen prale a, e nou konnen chimen an.

Toma di li: Mèt, nou konnen ...kote w prale; e ki jan nou ka konnen chimen an?

Jezi di li: Se mwen menm ki chimen an, verite a ak lavi a. Pèsonn pa ka vin kot Papa a, san l pa pase pa mwen.

Si ou konnen m, ou ta dwe konnen Papa m tou: e depi koulye a nou konnen l, epi nou wè l.

Se pou Seyè a ajoute benediksyon Li nan lekti Pawòl Li a. Epi nou pral refere a Li ankò, nan moman sa yo pandan n ap kontinye, pandan n ap jis bay Legliz la yon ti lesan.

18 Yè swa, mwen te Yuma; Arizona, kote kay mwen ye kounye a. Mwen—mwen...Lè mwen te isit la anvan mwen te abite Jeffersonville, Indiana. Koulye a, mwen te nan Arizona, pa yon vizyon ki voye m la, kèk ane de sa. Epi nou abite la kounye a. Mwen pa gen okenn legliz la.

Frè Green, frè nou isit la avèk nou, te fonde yon tabènak la kote... youn nan legliz Asanble de Dye yo, yon asanble anba lavil la. Yo te fizyonnen, e mwen panse ke yo tout t al jwenn Frè Brock ak Frè Gilmore, yo te kite legliz sa a louvri. Epi Frè Pearry Green, ki soti nan—ki soti nan Texas, te deplase epi li te pran plas la, ki asosye avèk nou. Nou kontan konnen ke—ke Frè Green te relouvri legliz sa a ki te fèmen.

19 Epi yè swa, m te preche nan Yuma pou Òmdafè Kreyen yo, m te pale sou sijè *Anlèyman An*. Bon, sa te kapab yon sijè etranj pou preche pami, nan yon—yon bankè, men pifò tout moun ki te la te Kreyen. Epi se konsa sa ye nan kanpay sa yo tankou sa a, oswa nan—nan yon legliz. Mwen te kapab di, bon : "Konbyen nan nou ki se Kreyen?" Pwobableman chak men t ap leve. Ou se yon Kreyen. E kidonk, si nou se Kreyen, mwen panse ke nou ta dwe byen avèti davans. Nou pa bezwen senpleman ap devine sa. Yo avize nou ki destinasyon nou.

20 E mwen vle pale sou sa aswè a. E sijè a pral: *Bagay Ki Oblije La Yo*. Epi bon, mwen t ap pale yè swa sou *Anlèyman An*, kidonk aswè a, mwen vle pale sou sijè sa a, pou m ta ka mare l ansanm ak Mesaj yè swa. Koulye a, pral gen yon Anlèyman, nou konnen sa. Sa se nan lavni, sa dwe rive.

21 Bon, Jezi isit la ap pale, sou sa, Li t ale devan pou prepare yon plas pou nou. "Pa kite kè nou boulvèse." Bon, Li t ap pale ak jwif yo. Li te di: "Koulye a, nou kwè nan Bondye, kwè nan Mwen tou. Jan nou kwè nan Bondye a, kwè nan Mwen, paske Mwen se Pitit Bondye a." Ou wè? "Epi, Bondye," nan lòt mo, "Mwen menm ak Papa M se Youn. Papa M abite nan mwen. Epi sa nou wè ki fèt, sa M fè a, se pa Mwen, se Papa M ki abite nan Mwen. Se Li ki fè zèv yo."

"Bondye te nan Kris, Li t ap rekonsilye mond lan avèk Limenm."

22 Li te fasil pou Jwif sa yo ki te aprann, atravè plizyè jenerasyon, pou kwè ke te gen yon gwo Bondye ki sinatirèl. Men panse ke Bondye te desann epi Li t ap manifeste Tèt Li nan pèsonaj Pitit Gason Li a, Jezikri, Bondye te rete nan yon kò lachè, sa te yon ti jan twòp pou yo—pou konprann.

Men li di : "Bon, menm jan nou kwè nan Bondye, kwè nan Mwen tou. Paske, nan kay Papa m, gen anpil kote pou abite, e mwen pral pare yon plas pou nou." Lavi Jezi ta pral pran fen, isit sou tè a.

Li te montre pèp la, e Li te pwouve yo, ke Li se Jewova ki manifeste nan lachè, pa gwo siy yo ak mèvèy yo, ak referans nan Bib la kote Li te fè referans, pou Limenm. Epi li te pwouve ke Li te Bondye, manifeste.

Bon Li te di: “Lè nou wè lavi M ap fini, li pral fini pou yon bi. E mwen prale, pou prepare yon plas pou nou; pou ke kote Mwen va ye a, nou va la tou.” Se poutèt sa Jezi ap di disip li yo ke lavi sa a pa fini nan lanmò.

23 Bon, m te di sa a se te yon tèks pou antèman. Sonje byen, nou menm, lanmò chita la devan nou, epi nou pa konnen si gendwa gen kèk nan bilding sa a aswè a ki pa pral soti isit la vivan, nan lavi fizik sa a. Se konsa li ensèten. Senk minit apati kounye a, li te ka jèn, an sante, jèn nan bilding sa a ka yon kadav nan senk minit apati kounye a. Se vre. Epi ankò, li ta ka, nan senk minit apati kounye a, nou tout te ka al nan Laglwa. Nou jis pa konnen. Sa se nan men Bondye. Jezi te di li pa t konnen, Li menm, ki lè tan sa a t ap rive, men, “Sa te nan men Papa a sèlman.”

24 Bon, men, Li te di yo ke, apre lanmò, gen lavi. Paske: “Mwen pral prepare yon plas,” sa vle di, pou resevwa yo, sa montre ke la, Li t ap pale ak yo, ke te gen yon—yon lavi apre lavi sa a fini. E ala yon konsolasyon sa ta dwe ban nou tout, pou nou konnen ke, apre lavi sa a fini, gen yon lavi, ke nou va antre ladann. E antan w ap vin pi aje, sa vin pi yon reyalyte pou ou. Alòske ou kòmanse wè jou yo nan lavi ou ap pwoche, alò sa kòmanse, ou kòmanse ap fè pakèt ou, w ap prepare w pou gwo evènman sa a. Se kounye a...Se menm lavi sa a k ap kontinye nan yon lòt mond, yon lòt kote.

25 Nesans ou isit la te planifye davans. Mwen devine ou kwè sa. Nou chak konnen ke nesans nou an te planifye davans. Èske w te konnen ke èt ou isit la pat janm soti jis nan yon mit oswa yon panse? Tout bagay te planifye davans pa Bondye, anvan fondasyon mond lan, ke ou ta dwe isit la. Bondye enfini an te konnen. Epi pou L—pou L enfini, Li te dwe konnen chak pis ki t ap janm sou tè a, e konbyen fwa li t ap bat je l. Se sa ki enfini an. Ou wè? Ou menm, ti panse nou an—ti panse nou yo, pa ka konprann sa *enfini* vle di. Bondye enfini an, Li te konnen tout bagay. Se poutèt sa, pa gen anyen ki soti deyò sèn lan.

26 Si nou konnen Pawòl Bondye a, nou konnen kote n ap viv. Nou konnen nan ki lè n ap viv la. Nou konnen sa k ap vin pi devan. Nou wè sa nou fin travèse. Epi Liv Bondye a se revelasyon Jezikri; zèw Li yo atravè tout laj yo, ki rive jiska Liv Apokalips la, answit pwomès Li yo ki gen pou vini yo. Kidonk, tout pwomès Li yo se vre. Bondye pa ka pwononse okenn Pawòl san Li pa konfime L. Chak Pawòl Li di gen pou L akonpli. Anvan fondasyon mond lan...

27 Gen moun ki melanje Jenèz, laba, kote I te di, “Bondye repete Tèt Li.” Non. Se jis, ou mal konprann. Wè? Bondye, nan kòmansman, Li te di, “Ke genyen. Ke genyen. Ke genyen.” Mond lan te jis tou nwa, nan yon kawo. Men lè L te di, “Ke gen limyè,” petèt plizyè santèn lane te pase anvan limyè te janm parèt. Men lè L te pwononse I, sa te dwe reyalize. Li dwe rive nan fason sa. Wè? E Li te pwononse Pawòl Li. Semans sa yo te anba dlo a. Lè L te seche tè a, lè sa semans yo te parèt. Sa L di dwe rive.

28 Li te di, atravè pwofèt yo. M te refere a sa yè swa. Tankou, nou pran Ezayi, li te di, “Yon vyèj va vin ansent.” Kimoun ki te ka panse, ke yon nonm ki te konsidere pami pèp la, ta di yon bagay konsa, “Yon vyèj va vin ansent”? Men paske I...

Yon pwofèt se yon reflektè Bondye. Li fèt yon fason ke I pa ka pwononse pwòp pawòl li. Sa dwe Pawòl Bondye sa I ap pwononse. Li jis tankou yon reflektè, e li se pòtpawòl Bondye.

E alò, kidonk, li te di, “Yon vyèj va vin ansent.” Li probableman pa t ka konprann sa, men Bondye te pwononse sa atravè li menm. Paske, Li te pwomèt ke, “Li pa p fè anyen anvan L revele L a sèvitè L pwofèt yo.” Apre, lè li te di sa, li te pran uisan lane anvan sa te janm rive. Men sa te oblije rive.

Finalman, Pawòl Bondye sa yo te ankre nan matris yon vyèj, e I te vin ansent epi akouche Emanyèl. “Pou nou—nou yon Timoun te fèt, Pou nou yon Pitit te bay.” Non li va rele, ‘Konseye,’ ‘Bondye Pwisan an,’ ‘Prens Lapè,’ ‘Pè etènèl La.’” Sa te dwe fèt fason sa, paske Bondye te pwononse I atravè bouch pwofèt Li. E tout Pawòl Bondye yo te dwe akonpli.

Pa konsekan, nou konnen ke Jezi te ale prepare yon plas, pou resevwa pèp Li nan Li menm. Kiyès moun sa yo ye, M espere ke nou se yon pati de pèp sa aswè a. Si se pa sa, zanmi m yo, Bondye te fè yon fason, yon kondisyon, ke w kapab enkli landan I si w vle sa. Ou gen lib abit. Ou kapab ajè nan fason w swete. Men kounye a remake, kounye a, nan mond sa ki gen pou vini an. Gen yon mond ki gen pou vini.

29 Jis tankou nesans ou isit la, M te di, ou te prepare. Bondye te konnen w t ap isit la.

E kounye a w konnen, menm bagay ke paran w yo te fè, bon, moun yo panse ke sa pa kontinye de jenerasyon an jenerasyon, men sa fèt.

30 Nan Liv Ebre yo, M kwè, aprepre nan 7tyèm chapit la, Pòl ap pale la, otè a, m kwè I te sa, t ap pale sou yon—yon gwo evènman ki te pase avèk Abraham, ki te peye dim bay Mèlkisedèk, lè li te soti nan masak wa yo.” E kounye a li te di, ke, “Levi te nan ren Abraham, lè li te rankontre Mèlkisedèk, ki t ap rantre soti nan masak wa yo.” E answit, li te estime ke “Levi te peye dim yo tou, lè li te nan ren Abraham,” gran-gran-gran papa I.

E Li repòte peche moun yo sou pitit-pitit yo, de jenerasyon an jenerasyon, ki pa kenbe pawòl Li. Wè?

31 Bondye te planifye w davans. Anyen pa rive pa chans, avèk Bondye. Li konn tout bagay sou sa. Se tou planifye davans, planifye pou plizyè jenerasyon an aryè, pou w te kapab isit la aswè a. Èske w te konn sa? [Asanble a di, “Amèn.”—Ed.]

Jis panse, ke, ou menm, a on moman... M pral repete sa ankò. Ou menm, a on moman, te nan papa w, nan jèn papa w. Bon, li pa t konnen w nan epòk sa, ni tou w pa t konnen l nan epòk sa. Men, ou wè, answit ou te plase nan yon tèren ansemansman, nan matris manman w, atravè lyen sakre maryaj. Aprè sa w te vin yon moun ki eksprime dapre imaj papa w, answit te gen fratènite.

32 Bon, sèl fason ke w kapab yon pitit gason, yon pitit fi Bondye, paske w dwe...dwe gen Lavi Etènèl. E gen yon sèl fòm Vi Etènèl, e se Lavi Bondye. Yon sèl fòm Vi Etènèl, se te Bondye. La, pou kapab yon pitit Bondye, ou dwe te nan Li depi toujou. Jèn Lavi w, Lavi espiyèl ou, aswè a, te nan Bondye, anvan menm te gen yon molekil. Wè? E w pa anyen lòt ke manifestasyon jèn Lavi ki te nan Bondye, antanke pitit Bondye.

Kounye a ou eksprime. Aprè Pawòl Li te vin jwenn ou, pou Briye nan laj sa. W ap eksprime Lavi Bondye nan ou, paske w se yon pitit gason oubyen yon pitit fi Bondye. Pa konsekan, ou konprann sa m ap di an? [Asanble a di, “Amèn.”—Ed.] Wè? Ou nan...Kounye a w te fèt, ou chita nan legliz sa, aswè a, paske devwa w se pou eksprime Bondye pou nasyon sa e pou pèp sa, pou vwazinaj sa kote w asosye.

Pe enpòt kote w ye, Bondye te konnen ke w t ap isit la, paske w te dwe youn nan jèn Li yo, oubyen atri bi Li yo. Ou te dwe sa. Si w te janm, si w te gen Lavi Etènèl, alò Sa te toujou Lavi Etènèl. E Bondye, anvan fondasyon mond lan, te konnen ke w t ap isit la. E lè Pawòl la, oubyen dlo a, “lavaj dlo Pawòl la” te tonbe sou ou—ou, li te eksprime nan yon kreyati. Kounye a ou gen fratènite avèk Papa w, Bondye, jis menm jan w genyen l ak papa terès ou a. Wè? Ou se sitwayen Wa a; pa sitwayen, men w se pitit, pitit gason ak pitit fi Bondye vivan an, si sa bay ke Lavi Etènèl abite nan ou.

Bon, alò, si Sa te, Jezi te plenitid Bondye manifeste. Li te plenitid Bondye kòporèlman. Pa konsekan, lè li te vin sou tè a e te manifeste nan lachè, ou te isit la nan Li lè sa, paske L te Pawòl la. “Nan kòmansman Pawòl Bondye te egziste; Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E pawòl la te fè l chè, e te abite pami nou.” Pawòl la te fè l chè. Pa konsekan, ou te mache avè L, lè w te nan Li, lè L te sou tè a. Ou te soufri avè L, e w te mouri avè L. Ou te

antere avè L. E kounye a w resisite avè L, e w manifeste atribi Bondye yo, denojou, Legliz! Sa tèlman enpòtan pou nou, pou wè nou pozisyone nan Jezikri!

33 Kounye a, si nou se atribi Bondye sa yo, nou pa kab viv pa kredo. Nou pa kab viv pa sistèm denominasyon. Nou dwe viv pa Pawòl la, paske Epouz la se yon pati de Epou a, tankou yon madanm se yon pati de mari l. Kidonk, nou dwe Epouz Pawòl sa. E kisa Epouz Pawòl sa ye? Manifestasyon lè sa, Epouz la, pa yon kredo oubyen yon denominasyon; men yon orak vivan Bondye, yon atribi vivan Bondye, ki afiche a mond lan atribi Bondye yo, nan fòmasyon Epouz la ki dwe eksprime nan lè sa ke n ap viv kounye a.

34 Martin Luther pa t ka eksprime atribi sa yo ke nou eksprime a, paske sa se te nan kòmansman, rezirèksyon an, tankou grenn ble a ki ale nan tè a.

35 Kounye a, nou site sa ankò. Ou probableman li liv la deja, Alman sa ki t ap pase m nan rizib, e l te di mwen pi mal pami tout fanatik yo. Li te—te absoliman kont tout sa ki rele Bondye, e li menm fè blag sou Bondye. Te di, “Yon Bondye ki kab ouvri Lanmè Wouj epi,” te di, “fè pèp Li a soti; epi kwaze men l sou vant Li, e kite (pandan tan mwayennaj yo) tout moun sa yo mouri epi soufri, kite lyon manje tout pil timoun sa yo.”

36 Ou wè, tout—tout pwogram la an antye, legliz la an antye, bati sou revelasyon Diven. Jezi te di, nan Sen Matye, chapit 16, “Chè ak San pa revele sa a ou menm, men Papa M ki nan syèl la te revele sa a ou menm.” Kisa l te ye? Yon revelasyon de Kiyès Li te ye. “E sou woche sa, M pral bati Legliz mwen an, e pòt lanfè pa p triyonfe sou Li.” Wè?

Revelasyon Jezikri pou lè sa, non pa sa L te ye nan yon lòt epòk, sa l ye kounye a, Bib la eksprime, l ap grandi nan Epouz la, jiska grandè konplè a. Pa konsekan, si grenn ble a, Kris, te dwe tonbe nan tè a, menm jan Epouz la te dwe tonbe nan tè a, atravè tan mwayennaj yo. Nenpòt ki semans ki tonbe nan tè a dwe mouri, sinon li pa p ka pwodwi tèt li, reproduwi tèt li. E gran Legliz ke L te etabli Jou Pannkot la, pa anvwa Sentespri a, te dwe matirize epi ale nan pousyè, nan latè pandan mwayennaj, pou bay nesans ankò nan aj Luther, e kontinye jiska grandè Epouz Jezikri a konplè pou dènye jou sa. Wè? Pa gen okenn fason...

37 Konsa, Epouz la, nan anlèvman an, pral manifeste. E sa te planifye davans pa Bondye, tout bagay te mete anplas. Depi nan kòmansman, Li te konnen chak moun, chak plas, kimoun ki t ap reyisi, tout bagay nèt. Tout te planifye davans. Bondye te konnen L t ap isit la. E—E lè...Li te fè l fason sa, pou ke lè nou rive laba...Li ale prepare yon plas pou nou. E lè nou rive laba a, tout bagay ap prepare jis egzaktman tankou nwit sa te prepare, tankou moman sa te prepare. Wi. Gran presyans Li di L tout bagay sa yo, pa presyans.

38 Li omniprezan paske I omnisyan; omnisyan paske L omniprezan. Donk, pa presyans Li, Bon, Li pa kab jis tankou van an sou latè, paske se yon Èt vivan. Li pa jis yon lejand. Li se yon Èt vivan. Li gen yon demè. Li abite nan yon kay. Li abite nan yon plas ki rele Syèl. Kidonk, pa omni-, poutèt Li omniprezan; poutèt Li omnisyan, konsyan de tout bagay, alò Li omnisyan paske L konn tout bagay.

39 Ou menm, kounye a, ou grandi depi nesans ou, lè w te fèt epi prezante nan mond sa. Bondye te konnen w t ap vin sou tè a, e w te grandi depi nesans a matirite. Bagay ki te parèt tèlman etranj pou ou, lè w te jèn ti fi, lè w te jèn ti gason, antanke timoun, kounye a parèt trè reyèl. Ou pa t ka konprann li lè w te yon timoun. Men kounye a, a mezi ke w ap grandi, ou kòmanse konprann epi dekouvri ke tout bagay te plase kòrèkteman. E, ou, sa vrèman enpòtan pou ou kounye a.

40 Alò se menm jan ak nesans esprityèl ou. Ou fè dè bagay ke w pa t konprann, lè w te yon ti bebe, te vin a lotèl. Ou bay Kris vi w. Ou fè jan de bagay etranj sa yo. Ou mande poukisa w te fè sa. Men apre yon tan, lè w gen matirite, antanke kretyen mati, alò w konprann sa. Wè? La gen yon bagay ki pase. Ou wè poukisa w te dwe fè sa. Nesans esprityèl ou a! Nesans natirèl ou tipifye nesans esprityèl ou.

Kijan–kijan sa te fè afè w, nan vi sa, a mezi ke w ap grandi, tout bagay vin koresponn pafètman, ou te fèt pou sa. Èske se pa t yon bagay etranj, nwit la kote w te zigzage nan misyon an, reyinyon anba tonèl la, oubyen ti legliz la nan yon kwen kèk kote, epi yon bagay ke predikatè te preche sou li, yon sèten sijè, e ou jis te abouti drèt a lotèl? Wè? Wè? Bondye te konn sa, anvan fondasyon mond lan. Wè? Sa–Sa sanble etranj pou ou, poukisa w te fè sa alò? Men kounye a ou konprann; ou te konn kisa k te pase. Sa si tèlman koresponn avè w nan vi sa, e se pral konsa tou nan Lavi ki gen pou vini an. Mond sa ak vi sa sanble ap avanse a mezi ke w ap pran matirite. Tout bagay sanble ap mache pafètman avèk ou.

41 M pa kwè nan yon...ke yon moun jis rive la pa chans. Kounye a jis panse, lè w vini nan-mond la., tout bagay te dwe prepare davans pou ou, oubyen prepare anvan, pou ou, pito. Mwen ka difisilman konprann kijan nou fè panse ke yon Bondye ki ta prepare tout bon bagay sa yo pou nou...nou pa ka mete konfyans nou nan Li. Ke, si L te pote nou nan galimatcha sa, ke nou ye kounye a, epi prepare bon bagay yo nan lavi pou nou isit la, konbyen plis nou ka kwè L pou prepare bagay sa yo ki dwe vini yo, wè, bagay Etenèl yo! Sa sanble, dapre mwen, trè etranj.

42 E m–m pa panse ke Syèl la se plas sa ke manman m te abitye pale m lan. M kwè Legliz grandi depi tan sa. Pou panse ke, sa te konn rive, santan pase, oubyen desanzan pase, m

kwè ansyen yo te abitye panse ke tout moun ki mouri te monte al nan syèl epi te gen yon ap, epi—epi te chita laba sou nyaj yo ap—ap jwe ap. Bon, yo te konnen gen yon plas ki rele Syèl. Men, yo, si sa ta konsa, tout mizisyen yo t ap genyen l sou nou, ou wè. Men nou... Men se—se pa jan de plas sa yo. Se pa ap jwe ap, ditou. M kwè, m pa kwè Bib la anseye sa. Men se te yon konsepsyon yo te genyen anvan plenitid Pawòl la te vin a legzistans, oubyen anvan ouvèti Sèt So yo, ki te pwomèt a nou menm nan laj sa, pou n te konprann lè sa.

Mwen kwè syèl la se yon plas reyèl, jis menm jan sa se yon plas reyèl, paske Bondye te kòmanse kwasans esprityèl nou nan plas sa. E m kwè ke Syèl la se yon plas ki osi reyèl ke sa, kote nou pa chita anwo a la pou Letènite epi jis chita la sou yon nyaj. Nou pa jis fè ap jwe ap nou, pou tout tan—tout tan apati de isit la, tout tan. Men nou prale nan yon plas reyèl kote nou pral reyalize plizyè bagay, kote nou pral viv. Nou pral travay. Nou pral pwofite. Nou pral viv. Nou pral nan Lavi, nan vrè Lavi Etènèl. Nou pral nan yon Syèl, yon paradi. Menm jan Adan ak Èv te travay, te viv, te manje, te pwofite, nan jaden Edenn anvan peche te rantre ladan l, nou sou wout pral dirèk laba ankò, dirèk, dirèk retounen. Premye Adan, atravè peche, te fè nou soti, dezyèm Adam, atravè dwati, mennen nou, ramne nou ladan l ankò; jistifye nou epi remennen nou ladan l.

43 Nou menm moun yo k ap tande bann yo kounye a, mesaj sou “jistifikasyon,” M vle pou pran l. E nou tande bann sa yo, m vle nou pran sa. M te preche sou li, isit la kèk tan pase.

44 Remake kijan paran terès ou yo, anvan w te vin isit la, anvan yo te konnen w t ap vin isit la, te fè preparasyon pou vini ou. Jis panse a sa kounye a, paran terès ou yo. Yo menm ki, paran terès se jis yon tip Paran selès. “Si nou konn kijan pou nou bay bon kado bay pitit nou yo, konbyen plis Papa Selès nou an konn kijan pou l bay bon kado a pitit Li yo.” Jezi te pwononse Pawòl sa yo. Wè?

Yo te prepare pou vini w. Yo te fè yon ti bèso, oubyen achete youn, kèk ti choson, ak ti rad, elatriye. Yo te fè preparasyon, tout bagay pou vini w, te prepare anvan menm ou te vin sou tè a.

45 Jezi ale pou prepare rive nou laba a. Kounye a remake. “Nan kay Papa M nan gen plizyè demè.” Oubyen, ann...

M pa vle ajoute sou Pawòl la, oubyen retire ladan l, paske nou pa dwe fè sa. Revelasyon 22 te di, “Nenpòt moun ki va ajoute yon mo, oubyen retire yon mo ladan l.” Men kite m jis fè sa, pa tankou pou ajoute, men jis pou—pou mennen yon pwen.

“Nan kay Papa M nan gen plizyè tip de demè.” M pa kwè ke lè nou rive nan Syèl la ke nou pral, jis tout moun egzakteman parèy. M pa kwè ke—ke nou tout ap blon, oubyen brinèt, oubyen-oubyen piti, oubyen-oubyen gwo, oubyen-oubyen nou tout ap dè jeyan.

M kwè ke Bondye se yon Bondye de varyete. Mond lan pwouve sa. Li gen gwo montay ak ti montay. Li gen plèn. Li gen dezè. Li gen diferan bagay, paske L fè L nan fason L te vle sa. E Li fè sezon yo; ete, ivè, prentan, otòn. Li fè sezon yo. Li montre Li se yon Bondye de varyete. Li fè w nan yon varyete. Gen moun ki vrèman relaks; e genyen ki vrèman rijid; e gen kèk lòt ki byen; gen lòt ki janti. E w jis jwenn tout diferan sòt de moun, nan Wayòm Li a. Wè?

46 Gade Sen Pyè, e konpare l a Andre. Wè? Andre se te yon gèrye lapriyè, li te jis rete sou jenou l tout tan. E apot Pyè se te youn nan fè cho sa yo ki te konn preche, ak—ak bagay konsa. E Pòl te plis jan-entèlektyèl, plis de...tankou pwofèt la, oubyen kèk bagay konsa, ki te konn ap reflechi.

47 E, wè, Moyiz te ekri kat Liv nan Ansyen an. Li menm, li te ekri Ansyen Testaman an. Rès la se te lwa yo, ak wa yo, epi kantik yo, elatriye, ak sa kèk moun te ekri konsènan pwofèt yo. Men Moyiz te ekri lwa yo, kat premye Liv Bib la : Jenèz, Egzòd, Levitik, Deteronòm.

48 E aprè Pòl te ekri Nouvo Testaman an. Se vre. Matye, Mak, Lik epi Jan te ekri aksyon sa yo ki te pase, elatriye. Men Pòl te separe lwa ak lagras, e li te mete sa an plas. Wè? Li te otè Nouvo Testaman an. Li te ban nou ekriti Nouvo Testaman an, li te mete Pawòl Bondye a an òd.

Kounye a remake, *plizye*, “plizyè demè,” plizyè tip de demè.

49 Tankou, plizyè tip de montay, plizyè tip de rivyè, prentan, lak. Yo te isit la lè w te vin isit la, an premye, paske jantiyès Papa selès nou an te plase yo la. Paske, gen moun ki renmen montay. Gen moun ki renmen dlo. Gen kèk ki renmen dezè. Alò, ou wè, vini pa w, Li te konnen nati ou e kisa w t ap ye, alò Li te fè l jis nan fason pou w kapab apresye l. O! Mwen kwè se yon Papa mèveye, wè, ki konnen L te fè sa konsa.

M kontan Li te fè montay yo. M-m renmen montay. M...E m-m renmen sa. Alòske, lòt yo, “O, m pa sipòte...O, Li te dwe vide bwat mòtye L la laba.” Ebyen, Li te vide l pou m te ka apresye l. Ou wè? Alò aprè pou di, “M renmen plèn yo, kote m ka wè chemen al byen lwen.” Ebyen, de nati diferan, nou toulède Kreyen.

Men Papa a te konnen ke w t ap isit la, e L te prepare tout bagay pou ou anvan w te rive isit la. Amèn. Premye vini w, isit la, Li te prepare l pou ou lè w te rive isit la. Èske se pa mèveye pou ap panse a sa L te fè?

50 Bon, bon, men sonje, sa yo se sèlman kado tanporè, an tip. “Kounye a, nou konnen ke Moyiz, nan konstriksyon tabènak la nan dezè a, oubyen nan preparasyon l, li te di li te fè tout bagay nan menm lòd ak sa l te wè nan Syèl la.” Wè? Alò, bagay natirèl yo sèlman eksprime sa bagay Etènèl yo ye. E si tè sa ke n ap viv ladan l jodi a, tèlman sipèb, tankou jan nou renmen l; e renmen viv, e respire lè a, e kontanple flè yo ak bagay yo; si-si, si isit la se yon ekspresyon, youn k ap mouri sèlman k ap eksprime youn ki Etènèl. Lè w wè yon pyebwa ap lite, ap tire, ap eseye viv, sa vle di gen yon pyebwa kèkpa ki pa oblije fè sa.

Lè w wè yon moun isit la, ap lite pou viv, kèk moun nan lopital, oubyen sou yon kabann ak maladi, oubyen nan yon aksidan, ap lite, epi transpò lanmò nan gòj yo, e y ap tire, y ap kriye, e y ap rele pou lavi, kisa sa vle di? Gen yon plas, kèkpa, gen yon kò ki pa p lite ak kriye pou sa. Wè? Li jis pa gen pou fè sa.

51 Bon, yo se kado tanporè pou nou, bagay sa yo, sèlman ap eksprime ke gen Youn kote se sa ki Etènèl la. Se sa ke Jezi te al prepare a, Youn ki Etènèl pou nou. Bon, yo sèlman eksprime gen yon pi gran nan menm tip la, paske sa yo se menm kategori yo.

52 Bon, sonje, Bib la di, “Si tabènak terès sa kote w demere a, si l peri, disoud, nou gen youn ki deja ap tann.”

Jis tankou yon ti bebe, ti misk li yo, nan manman an, ap vire epi tounen. E, men jis...Wè? E w remake, ou ka pran yon fanm, si jamè li ta si ensanse; men lè l sou pwèn vin manman, yon ti tan anvan bebe a fèt, gen yon jantiyès konsènan fanm sa. Rete bò kote l, toujou gen yon bagay, li gen plis dousè. Poukisa? Gen yon ti lespri anjèlik k ap tann pou resevwa kò natirèl sa. Jis nan moman ke l fèt la, souf lavi a antre nan li. E Bondye soufle l ladan l, e l vin yon nanm vivan. Kounye a, pandan bebe sa ap fèt, a lenstan kò esprityèl la prezan pou resevwa l.

E kounye a, lè kò sa tonbe isit la, nan tè sa, jan bebe a rive a, genyen tou yon kò immòtèl k ap tann pou resevwa lespri a retounen nan li menm ankò. O, ala yon bagay sipèb! Nou-nou kounye a nan Jezikri, (Amèn), ti bebe, bebe nan Kris, pitit Bondye, k ap tann pou delivrans konplèt, nan Retou Seyè Jezi nou an, pou... resevwa nou nan Limenm, lè kò a, kò motèl sa, pral abiye l ak imòtalite.

53 Resanblans la, tout bagay ke l te fè yo, eksprime bagay ki gen pou vini yo. Menm jan ak kò sa a ke yo ba w isit la, menm jan ak kò sa a, li te ba w pou viv ladann nan, sèlman eksprime ke gen youn ki pi ekstraòdinè, ankò, ki gen pou vini. Ou wè? “Si nou pote, oswa si nou te pote imaj terès la, nou menm tou nou pral pote imaj selès la”, epi pa gen okenn mekanste nan sila a ki gen pou vini an. Alòs ke, sa a limenm vinn ak, maladi, lanmò, lapenn. M te jis eksprime

isit la, pa gen lontan de sa, nan yon predikasyon kise Transfòmasyon Pawòl Bondye a, sou kouman fè ke—ke kò sa a, gen mal la nan li.

54 Epi tout sivilizasyon modèn sa a ke n ap viv ladann nan an se pou dyab la. Ou pa kwè sa? Bib la di ke se sa; mond sa a, chak gouvènman. Nou pa vle kwè sa. Men, Bib la di klèman, chak gouvènman, chak wayòm sou tè a, se dyab la ki posede yo e yo dirije pa dyab la. Satan te transpòte Jezi, anwo a, li te montre l 'tout wayòm mond lan ki te egziste, ki pral egziste, e ankò plis. Epi Satan te reklame yo a limenm, men Jezi pa t janm diskite ak li, paske l se dye mond sa a. Ou wè? Epi l di: “M ap ba w yo si w tonbe ajenou pou w adore m.” Ou wè? Li t ap eseye lage yo nan men Jezi, san sakrifis. Ou wè? Se te yon piyay ke l ta pral ba li. Men, mond lan te peche. Kidonk, penalite peche a se te lanmò, e l te oblije mouri. Se poutèt sa Bondye te manifeste nan lachè, pou L te kab pran lanmò sou kont li, pou peye penalite a. Pa gen anyen pou peye. Li pa t rezève. Li te peye annantye, Tout dèt la te peye. Se pou li l ye kounye a. Epi nou se delege Wayòm Li a, ki reyini ansanm aswè a, nan Non Jezikri, Wa nou an, ki chita nan lye selès la.

55 Kounye a, nan monn n ap viv la, edikasyon sa a, mwen vle pwouve nou, edikasyon, lasyans, sivilizasyon, ak tout bagay sa yo ke nou sanble tèlman pran plezi nan yo jodi a, vinn de Satan, epi yo pral peri. Ou di: “Frè Branham, sivilizasyon?” Wi mesye. Sivilizasyon sa a vinn de Satan. Jenèz 4 pwouve l. Pitit gason Kayen an, ou wè, te kòmanse sivilizasyon sa a, bati vil, bann òg yo, elatriye. E sivilizasyon te vinn de konesans. Konesans se sa ke dyab la te vann Èv, nan jaden Edenn nan, ki te lakòz li anbarase, epi transgese kòmandman Bondye a. Kidonk, pral gen yon sivilizasyon nan mond kote n prale a, men se pa pral kalite sivilizasyon sa a, paske nan sivilizasyon sa a nou gen maladi, lapenn, lanvi, lanmò, tout bagay nan sivilizasyon sa a, mal. Men, nan sivilizasyon sa a pa pral gen okenn nan bagay sa yo. Nou p'ap bezwen lasyans. Lasyans se pèvèsyon orijinal la, de tout fason. Ou wè? Ou fann yon molekil, pou fann atòm yo epi fè si e sa, pou eksploze w. Ou pran poud zam, pou tire sou sa a, pou touye yon bagay. Ou pran machin nan. Epi ekstrè gazolin de tè a, ak bann materyèl ki soti nan tè a, pou libere ligaman yo, pou l ka sote. Answit li pral kouri sou rout la a katrevendimil alè, pou touye moun. Ou wè? Oh, tèlman sou tansyon, nou prese, ap deche n; nou dwe ap fonsè, depase. Oh! Ou wè? Tout sa vinn de dyab la. Wayòm Bondye a p ap gen otomobil,

avyon, oswa okenn reyalizasyon syantifik sa yo. Non. Pa p gen okenn edikasyon, ditou. Li pral yon edikasyon tèlman siperyè a sa a, ke yo pa pral menm panse a sa. Ou wè? Edikasyon, sivilizasyon, ak tout bagay sa yo, vinn de Satan. Kounye a, w ap di: “Frè Branham, poukisa w aprann li, alòs?”

56 Ou wè, se menm jan, poukisa m mete rad kounye a? Nan sivilizasyon ki te dwe vini an, ki te an premye a, yo pa t bezwen okenn rad. Yo te vwale. Pa t gen okenn rezon pou yo te met rad, paske yo pa t konnen ke yo te toutouni. Bon, ou...Kounye a, ou jwenn, ke, Ebyen, lè sa a, nou konnen ke n nou—nou—nou toutouni, peche antre isit la, kidonk, nou dwe mete rad. Men, se pa t konsa nan kòmansman an; pa t 'gen peche. Ou wè?

57 Kounye a, se menm bagay la lè w pran sivilizasyon an, toutafè. Nou konn li, konn ekri, nou fè bagay sa yo, men nou pa janm abitye nou a sa. Pa janm fè sa tounen bondye w, paske se bondye kominis la. Ou wè? Se pa Jezikri.

58 Jezikri se pa lafwa; pa ak sa ke w ka pwouve syantifikman, men sa ke w kwè. Mwen pa ka syantifikman pwouve w, aswè a, nan bilding sa a, ke gen yon Bondye, men poutan mwen konnen li la. Men, ak lafwa mwen, M konfime l. Abraham pa t 'kapab syantifikman pwouve w ke l ta pral fè yon pitit ak fi sa a, alòs ke l te prèske gen santan. Men, lafwa li te konfime sa. Ou wè? Li pa t bezwen okenn prèv syantifik. Poukisa, ... Poukisa, doktè a ta di, “Granmoun nan fou, ap mache di ke l pral fè yon—yon ti bebe ak fi sa a; li gen san an, epi fi a limenm gen katrevendis lane.” Men, ou wè, Bondye te di sa, kidonk li pa okipe l de syans lan. Sa pran lafwa, pou kwè nan Pawòl Bondye a, pa lasyans.

59 Kidonk, lekòl nou yo ak bagay nou yo se yon gaspiyaj. Dayè, Bondye pa t janm di: “Al fè lekòl,” oswa menm, “fè lekòl biblik”. Ou konn sa? [Kongregasyon an di, “Amèn.” — Ed.] Li te di, “Preche Pawòl la”. Se egzakteman sa. Sistèm edikasyon nou yo te mennen nou pi lwen Bondye pase tout bagay mwen konnen, se vre, bokou pi lwen Bondye. Pa bati lekòl, lopital, elatriye; sa a se te pou mond lan ak pou gwoup sa a. Men, m pa gen anyen kont yo; yo jwe wòl yo, men toujou se pa sa. Nou bati yon lopital, osi bon ke l ta ye, epi pou n pratike meye medsin ke n jwenn, epi dè milye de moun mouri ladann chak jou. Men, oh lala, nan Wayòm Bondye a, pa gen lanmò, pa gen lapenn. Amèn. Pa gen okenn bezwen pou bagay sa yo ki

nan mond lan. Men, nou te pase de bagay sa yo, a reyalite Bondye yo; kote ke n ap lite tèlman di pou n eseye jwenn, atravè lasyans. Epi pi plis nou vinn syantifik, pi plis nou mennen lanmò sou nou. N ap mennen yon batay ki pèdi davans, kifè lage sa. Epi pa lafwa, kwè nan Jezikri, Pitit Bondye a, aswè a, epi aksepte Li. Se Limenm ke n bezwen.

60 Kisa lasyans ap prepare pou ou? Plis lanmò. Se vre. Fize Sputnik yo ak tout bagay k ap monte anlè a, ak tout bagay sa yo, pou gaye lanmò ak tout bagay ki sou tè a. Pa gade a sa. Vire tèt ou pi wo pase sa, nan direksyon Syèl la. Gade kote Jezi chita, "Sou bò dwat Bondye a," aswè a, "toujou ap viv pou fè entèsesyon pou konfesyon nou yo," sou sa nou kwè, ke Pawòl li a se Verite a.

61 Kounye a, nou reyalize, ke nan lavi sa a gen tout kalite mal, kidonk se poutèt sa lavi ki gen pou vini an p ap genyen l. Vi sa a gen konvwatiz, maladi, lanmò. Paske, kisa li ye? Se kay la ke L te al prepare a. Sa a se yon kay enfekte. Konbyen moun ki konnen sa yon kay enfekte ye? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Se sèten. Ebyen se nan sa wap viv la. Yon kay se kote yo mete tout moun ki malad yo. Oke, se jis sa peche fè nou, mete nou nan yon azil kay enfekte sou latè. Eske w te...Yo pa t ap kite pèsoun lòt moun antre nan kay enfekte sa a, paske gen tout kalite mikwòb k ap voltije nan anviwonman an, epi—epi moun yo pral trape mikwòb sa yo epi—epi yo pral malad. Epi peche mennen nou nan kay enfekte dyab la.

62 O, men lòt la te rele: "Kay Papa m". "M pral prepare yon kote pou ou. M pral fè w soti de kay enfekte sa a nan tanp sa a epi depoze w nan kay Papa m nan." Amèn. Se sa l ye; fè w soti nan vye bèt kay enfekte terès sa a. Li te al fè plas yon kote, yon kote ki pafè kote okenn mal pa egziste, pa gen okenn maladi, la vyeyès pa egziste la, pa gen lanmò. Se yon kote pafè ki aple w a pèfeksyon sa a, epi w dwe pafè pou al la. Bib la di sa. Jezi te di: "Fòk nou pafè, menm jan ke Papa nou ki nan syèl la pafè." Se yon Wayòm pafè, kidonk sa pran yon pèp pafè pou antre la. Paske, ou dwe pran pozisyon epi marye ak yon Pitit Gason Bondye pafè, epi ou dwe yon Epouz pafè. Kidonk, ki jan ou ka fè l si se pa atravè okenn lòt bagay, sof Pawòl pafè Bondye a, ki se, "Dlo separasyon an, ki lave nou de peche nou yo"? Amèn. Se vre. San Jezikri a, panse a Sa, Pawòl ki chaje san, k ap degoute a. Amèn. San an,—Pawòl Bondye ki chaje san, k ap degoute a, pou lave Lepouz la ladann. Amèn. Wi mesye. Li kanpe la a pafè, vyèj,

san adiltè. Li pa t janm fè peche, pou kòmanse. Amèn. Li te pyeje ladann. Ou wè? Men Kay Papa a ke L al prepare a.

63 Moun sa a vinn atravè sèks, epi vinn de chit la, konsa li dwe tonbe ak chit la. Kèlkeswa jan ke w rapyese vye bagay la, li pral tonbe, kanmenm. Li fini, paske l kondane, epi Bondye te di sa. Li fini. Bondye pral detwi l. Li te di sa. Tout bagay la pral renove. Ou kwè sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Okòmansman, lè monn nan te kreye, lè Bondye te retire dlo a, anvan, sou tè a, menm jan L te fè ak dlo ki nan vant manman an, te gen yon monn ki te pran nesans. Wi. Epi moun kòmanse viv sou li lè Bondye mete yo la. Apre sa, yo kòmanse peche. Epi l te batize, pa imèsyon, nan tan Noye a. Lè sa a, li te sanktifye pa San Kreyatè a ki koule sou li. Epi kounyeya, se fason sa a ou rive, atravè jistifikasyon, pou kwè nan Bondye. Ou te batize nan repantans, oswa, pou, pou padon peche w yo. Ou te konfese peche w yo devan Bondye, e l te padone w pou sa. Epi ou te batize, pou montre ou te, ou te padone; ou konfese devan pèp la, epi ou montre mond lan, ke w kwè ke Jezikri te mouri pou ou. Epi oumenm...Li te pran plas ou, epi kounye a ou kanpe nan plas Li a. Li vin oumenm, pou ka vin Limenm. Lè sa a, pouvwa sanktifikasyon Bondye a netwaye tout abitud ki te nan lavi w. Ou te konn fimen, bwè, fè bagay sa yo ki pa t bon, fè manti, tout bagay. Apre sa pouvwa sanktifikasyon san Jezi Kris la vin antre nan lavi w epi retire tout bagay sa yo nan wou. Si sa rive ke w di yon bagay ki pa kòrèk, ou dwe di byen vit, "Ret tann yon minit. Ekskize m. Mwen pa t vle di l konsa. " Ou wè? Satan an te met yon pyèj la a. Men ou te gen lagras pou retounen, si ou se yon vrè kretyen, pou di, "M te gen tò." Wi. Alòs, Se poutèt sa, kounye a, ...

64 Bon, pwochen bagay ou resevwa a, se te batèm Sentespri a ak dife. Kounye a, Bondye, lè milenyòm sa a fini, Bondye pral bay mond lan yon batèm dife. Li pral eklate tout bagay la. "Syèl la ak tè a pral boule." Pyè di sa. Epi bagay la pral gen yon batèm dife, tout bagay la pral renove. Apre sa pral gen yon nouvo syèl ak yon nouvo tè. Sa a, se lè, kote jistis pral reye. Se la a ke nou ye. Nou te pase de èt mòtèl, èt tan, a èt Etènèl. Lè Pawòl Bondye a limen nan nanm nou, epi nou vin pitit gason ak pitit fi Bondye, ak atribi yo, jèn Bondye a nan nou, pou n pitit gason ak pitit fi Papa a, Bondye ki nan syèl la, ap rele byen fò, "Abba, Papa! Bondye m nan, Bondye m nan, nan kay Papa m nan."

65 Kounye a, ansyen monn sa a dwe tonbe, paske I vin atravè sèks. Epi I te vin atravè dezobeyisans, nan kòmansman an. Epi nou te fèt isit la atravè sèks, atravè chit la, epi li dwe retounen drèt nan menm fason an, nan chit la. Men, sila a ke Li ap prepare pou ou kounye a, pa ka tonbe, paske li fè I pou sa. "M te ale..." E si nou jis te rete nan jan de kò sa a? Èske ou pa kontan gen yon tè I bagay tankou lanmò? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Kounye a, èske sa pa dwòl? Men kounye a, ann di, pa egzanp... Kèk ane de sa, mwen te yon ti gason, epi kounye a mwen se yon nomm ki gen laj mwayen. M gen yon zanmi ki chita la menm, Mesye Dauch, epi li gen katreventrezan, sa gen kèk jou. Gade I kounye a. Karant oswa karant-senk an plis, sa ta dwe mwenmenm. Ebyen, met yon lòt karant ane sou li. Ki kote w ta ale? Sèlman...

66 M byen kontan ke gen yon bagay ki ka fè nou soti nan kay enfekte sa a. Gen yon pòt ki louvri, epi li rele lanmò. Jezi kanpe nan pòt sa a. Amèn. Li pral gide m 'nan rivyè a. Li pral mennen m 'nan pòt sa a. Gen yon kokenn chen pòt ki drese anwo a, yo rele lanmò. Epi chak fwa kè ou bat, ou a yon batman an plis pi pre li. Epi yon jou mwen dwe rive nan pòt sa a. Ou dwe rive la. Men, lè m rive la, m pa vle rive an lach. Mwen pa vle rele anmwe epi fè bak. M vle rive nan pòt sa a, vlope nan wòb jistis Li (pa pa m), pa L la. Ke, lè L rele m, M pral resisite pami sak mouri yo, pou m ka ale avè L, epi soti nan kay pouriti sa a. Kèlkeswa kote kò sa a ta tonbe, epi nenpòt kote li ta ateri, kèlkeswa sa I ye a, m ap soti ladann yon jou, paske L te pwomèt mwen li. E nou kwè li. Wi mesye. L ap prepare yonn ki pa ka tonbe.

67 Remake kijan manman ki ansent, sou tè a jodi a, ki jan kò manman gen anvi yon bagay kèlkonk. M ap pale, m devine epi m espere ke, tout granmoun yo pral konprann. Manman an, nan nesans tibebe a, si gen yon bagay ki manke nan kò I, li kòmanse anvi yon bagay kèlkonk. Gad kouman papa a... M sonje nou te grandi, nan yon fanmi pòv konsa, e—epi nou apènn gen dekwa pou n manje lè n te timoun. Anpil nan nou te souffri de menm bagay la. Kidonk, sa fè ke, lè, anvan ti bebe yo ta dwe satisfè, manman an ta anvi yon bagay. Epi papa ta jis fè tout sa I kapab, tout bagay, pou jwenn li pou li. Ou wè? Se limenm, kò a, kò li, kalsyòm ak lòt bagay nan kò I, epi vitamin yo ke I bezwen. Junie ap fòme, ou wè, epi li anvi kèk bagay, pou manje pou timoun kap vini an. Gad kouman ke paran yo jan, y ap eseye jwenn li konsa ti bebe a pral fèt osi parfe ak kè kontan ke posib. Gad kouman paran w ap fè sa? Lè gen yon bagay ki

nesesè, manman an bay siyal la, ou wè, sistèm li fèt pou sa. Ou konprann? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Sa a se, kouman lè gen yon bagay nesesè la a, pou timoun k ap vini an, manman an kòmanse gen anvi pou sa.

68 Kounye a, ann rete jis yon minit. Poukisa nou gen revèy yo? Poukisa nou rasanble nou ansanm? Poukisa m toujou ap reprimande pèp la? Poukisa m ap rele dèyè nou medam pentkotist yo pou: "Sispann met penti, makijaj, ak koupe cheve nou kout, ak bagay konsa"? Poukisa m ap di sa? Paske, Pannkòtis ansyen mòd yo pa t konn fè sa. Vrè fason Bib la sèke w pa fè sa. Ou met bout pantalon sa yo ak rad ki fèt pou gason, èske w konnen ke Bib la di ke sa a se yon abominasyon pou Bondye? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Men, nou pèmèt sa. Poukisa Lespri Sen an kontinye rele dèyè sa? Li konnen gen yon bagay ki manke la a. Nou dwe nan estrikti pafè Jezikri a. Nou dwe pitit gason ak pitit fi Bondye a. Nou dwe ajè tankou pitit Bondye a.

69 Gen lontan de sa, yo te rakonte yon ti istwa. M remake gen yon frè nwa ki chita dèyè a. Nan Sid la, yo te konn vann esklav. E kisa, lè yo te gen esklav anba a la a, nan epòk esklavaj, anvan pwoklamasyon emansipasyon an an. Epi yo te ka al achte yo, moun yo, menm jan yo ta fè l pou yon—yon dilè machin dezyèm men. Yo te gen bòdwo vant lan, epi yo te vann èt imen sa yo kòm si yo te-yo te machin dezyèm men. Ou te gen yon fakti vant yo avèk yo.

70 Yon fwa yon achtè te vini, yon koutye. Apre sa, li te pral ... Li ta vire ozalantou gwo plantasyon sa yo epi achte esklav. Epi li rive nan yon kèlkonk gwo plantasyon kote yo te gen anpil esklav, e l te vle wè ki kantite esklav ke yo te genyen. E yo tout te deyò a, ap travay. Epi yo-yo te tris. Yo te lwen lakay yo. Yo te soti an Afrik. Yo te mennen yo isit la. Boers yo te mennen yo la a epi vann yo kòm esklav, e konsa yo te tris. Yo konnen ke yo pa ta p janm retounen lakay yo ankò. Yo ta pral viv epi mouri nan peyi a. Apre sa, yo te, anpil fwa, yo ta pote fwèt epi bat yo. Yo te pwopriyete mèt yo, epi l te fè yo sa ke l te vle. Apre sa, yo jis ... Si l te touye l, li te touye l. Men, si li, nenpòt sa l te ye a, li jis te fè l. Sa a se esklavaj, tankou pèp Izrayèl la te ye a, epi-epi anpil lòt nasyon te tonbe nan esklavaj. Apre sa yo te jis pran pòv esklav sa yo. Yo te fè ke sèvi. Yo t ap kriye, ou konnen, tout tan, e yo te tris.

71 Men yo te remake youn nan esklav yo, yon jenn gason, li te gen pwatrin li bonbe, tèt li anlè konsa. Yo pa t janm oblije bat li. Yo pa t janm oblije di l sa pou l fè. Se konsa, koutye sa a te di,

— "M vle achte esklav sa a."

—Li te di, "Li pa pou vann."

—Li te di, "M ta renmen achte l'."

—Li te di, "Non. Li pa pou vann."

—Li te di: "Èske l se chèf rès yo?"

—Li di, "Non."

—Li di, "Li pa bès nan travay la.

Li se yon esklav."

—Li te di, "Oke, petèt ou nourri l 'diferan de jan w nourri rès yo."

—Li di, "Non. Yo tout manje deyò nan galè a, ansanm."

—Li te di, "Kisa k fè ti gason sa a diferan anpil de rès yo?"

— Li te di, "Men gen yon bagay. M t ap mande m sa pandan yon bon ti tan, tou. Men, ti jennonm sa a, yon etranje ki sot ann Afrik, men ann Afrik, papa l 'se wa nan yon tribi. Epi, ankò menm, li se yon etranje lwen kay la. Li kondui tèt li tankou pitit gason yon wa. Li konnen ke, atravè peyi a, ke papa l 'se wa nan yon tribi. Epi kounye a li kenbe tèt li wo, paske l konnen ke l se pitit yon wa.

72 O, frè, sè, ou menm ak mwen, nan monn n ap viv la, ann kondui nou tankou pitit gason ak pitit fi Bondye. Nou se etranje isit la, men konpòtman nou ta dwe selon kòmandman Bondye a, ke n se pitit gason ak pitit fi Bondye. Konpòtman nou, nou ta dwe aji e fè tout bagay yo, dapre lwa ke Bondye mete yo. "Epi se yon abominasyon pou yon fanm mete yon rad ki fèt pou gason." Se mal e se yon peche, "Pou l koupe cheve l," Bib la di konsa, "Se pa convnab pou l menm priye." Ou va di, "E sa a menm?"

73 Yon moun te kouri dèyè m'; yon gran minis rekoni, pa gen lontan de sa.

—Li te di: “Frè Branham, vini. Mwen vle enpoze w lè men.”

—Li te di: “Ou pral detwi ministè w.”

—Mwen te di: “Kisa?”

—Li te di: “w ap rele dèyè moun yo konsa.”

—M te di, “M ap di ...

—“Li te di, “Mwen kwè sa.” Li te di: “M se yon pannkòtis tou. Mwen kwè ke fanm pa ta dwe koupe cheve yo, pa ta dwe mete penti, ak bagay sa yo jan ke yo fè a, pentire figi yo.” M te di: “Yo pa ta dwe fè sa.

—Men, “li te di, “Bondye te rele w pou lapriye pou malad yo.

—“ Mwen te di, “Li te rele m preche Levanjil la.” Ya.

—Epi li di: “M kwè nan sa.

—Men, “M te di, “ou panse sa?

—“ Mwen te di, “Wi. Gad sa w genyen, tout gwo pwogram sa yo, televizyon, ak tout lòt bagay sa yo.

Mwen pa gen anyen lòt ke Bondye pou m reponn.” Se vre. Mwen te di: “Mwen pa gen anyen lòt ke Bondye pou m reponn.”

—Li te di: “Mwen—mwen—mwen...W ap detwi ministè w la.”

—Mwen te di: “Nenpòt ministè ke Pawòl Bondye ap detwi, dwe detwi.” Se vre. Sètènman. Se egzakteman sa.

—Li te di, “Oke, ou pral detwi l.”

74 Mwen di: “A lòs Kiyès moun ki pral di l? Ou wè? Yon moun ta gen pou di l. Yon moun dwe kanpe pou sa k verite a, kèlkeswa sa k fè mal.” Epi zanmi, kòm kretyen, kòm moun ki kwè nou pral nan syèl la, Sentespri a li menm pral tipifye nou nan Pawòl Bondye a.

Li te di: "Ou konn kisa w dwe fè?" Li te di: "Moun yo kwè ou se yon pwofèt." Li te di: "Ou ta dwe anseye medam sa yo kijan pou yo resevwa don pwofesi ak bagay konsa, ak gwo bagay ki pi elve olye de ti bagay."

75 Mwen te di, "Ki jan m pral anseye yo aljèb lè yo pa menm konnen ABC yo? Lè yo p'ap menm fè bagay ki komen, ou wè, bagay natirèl la, ki jan w pral di yo bagay ki elve?" Lè w p ap menm kòmanse nan...Ou vle monte anwo nechèl la anvan w met pye w sou premye mach la. Se rezon sa a ki fè w tonbe. Ou wè? Kòmanse pa anba a, epi monte tou dwat pandan ke Bondye ap gide w pou monte. Ou wè? Fè fas ak lavi w epi toujou swiv chak ti pati nan Pawòl la ke Bondye te òdone w pou fè.

76 Kounye a, panse ki jan ke Bondye... Nou ta dwe byen konpòte nou epi aji tankou kretyen. Nou ta dwe Konduit nou tankou kretyen. Paske, nou se etranje isit la. Sa a se pa Lakay nou. Non. Yo te jis mete nou isit la, tanporèman. Nou gen pou n ale, chak nan nou, aswè a.

77 Reflechki kounye a. Si Bondye, nan mizèrikòd Li, fè ke manman an, anvan ti bebe a fèt, gen anvi pou kèk vitamin, epi manman eksprime l pou li: "Papa, mwen—mwen—mwen vle kantalous, oswa melon. Mwen vle yon bagay, yon lòt." Pa gen... se kisa, li pral fè tout sa l kapab, pou jwenn sa, paske l konnen ke l vle pitit li fèt osi pafè ke li kapab. Ou wè? Epi l pral fè tout sa l kab fè, pou l jwenn li.

78 Konbyen ke L ankò plis kapab, pou jwenn li! Li se yon Kreyatè. Ebyen panse a ki jan li kapab, prepare yon kò pou nou, pou viv tankou pwòp kò gloriye Li a, si nou vle viv. Gen yon bagay nan nou, ki fè ke nou vle viv. Epi gen yon bagay nan nou ki fè ke n vle fè sa ki byen. Lè sa a, Bondye pral rele yon moun vin sou platfòm la, oswa chè a, ki pral preche verite absoli a. Poukisa? Ou wè? Sa montre w. Lè sa a, si w se yon pitit Bondye tout bon, w ap kòmanse rele byen fò, "Bondye, wete l nan mwen. Sikonsi m de sa. Retire bagay sa yo nan mwen." Poukisa? Li nesesè pou kay selès kote w prale a, kote Li te al prepare a. Ou ta dwe vin yon vrè Epouz Pawòl Kris la.

79 Mwen t ap preche sa fè kèk nwit pase sou sakrifis la, a lepòk ekspyasyon an. Mwen t ap preche sou sèl plas Bondye, sèl Legliz kote Bondye va rankontre yon nonm ladann, e sa se kote, Li di, kote Li mete Non pa L. Li di, "Mwen pap rankontre yo okenn lòt kote ke kote sa,

pòt kote Mwen te mete Non pa M.” Bon, li pap rankontre w nan pòtay Methodis, pòtay Batis, pòtay Pannkotis, oswa nenpòt nan yo. Men Li te mete Non L nan Pitit Li a. Li di, “Mwen te vini lan Non Papa M.”

Nenpòt moun lan vini, e nenpòt timoun lan, vini lan non papa I. Li...Mwen vini ak non Branham, paske papa m se te yon Branham. E ou te vin ak non w paske se te non papa w.

E Jezi, Pitit la, te vini lan Non Papa a. E Li te di Li te plase Non L, “Nan pòtay sa kote M mete Non Mwen, ki te sakrifis la.” E nan Jezikri ou jwenn sèl plas kote ou va toujou jwenn fratènite ak adorasyon pou Bondye.

Ou va di, “Ebyen, mwen fè pati de legliz.” Sa pa fè yon sèl diferans. Ou dwe nan Kris.

Gen yon minis denominasyon, lòt swa, ki te di m, li te di, “Mesye Branham, gade la. Jezi te di, ‘Nenpòt moun ki kwè a.’ Bib la di, ‘Nenpòt moun ki kwè ke Jezikri se Fis de Dye a, li ne avèk Lespri Bondye.

80 M te reponn, “Èske Bib la pap di tou, ke, ‘Pèsonn paka rele Jezi Kris la, si se pa pa Sentespri a?’” Ou paka fè Bib la bay manti. Sa dwe byen chita.

Kifè ou dwe absoliman ne de nouvo, avèk Espri a nan ou, k ap temwaye ouvètman, a oumenm, ou konnen ke Li se Fis de Dye a. E alò si w fè sa, epi mete w apa; si w se yon pitit Bondye, nan Pawòl Bondye a; Kijan w ka fè renye Pawòl la? Kijan Sentespri a taka fè w kwè yon kredo, ke w dwe fè yon bagay tankou sa a, alòske Bib la te di yon lòt bagay? “Nou oblije fè pati yon legliz, epi fè sesi, oswa fè sela,” alòske Bib di w aklè kisa pou w fè? Ou wè? E lè sa kan w wè Sa, ou sote plonje Ladann, ou senpleman avèk Li lè sa. Jis kontinye avanse jis kontinye ap grandi, epi jis ap grandi.

Tankou yon--yon--yon jèm ki t ap antre nan zantray yon manman ak ze a. E apre sa kan ti ze sa kòmanse devlope, epi kòmanse ap pote jèm, li pa t bay yon jèm imen, epi on jèm chyen, epi on jèm bèj. Li te mete bay jèm imen nèt ale.

81 E lè yon pitit Bondye, lè predestine sa...Sa se pa mo apropriye pou w itilize, men li selon Bondye. Men Bib Bondye a. Presyans Bondye ka predestine, fè tout bagay fonksyone pou onè pa L. Lè semans predestine sa, ke w te dwe ye a, epi Bondye te rele w, e ti semans èg sa anndan la te tande Pawòl Bondye a, sa va monte anwo, yon Pawòl sou tèt lòt la, sou tèt lòt la, sou tèt lòt la. Li pap melanje ak okenn kredo.

82 Remake. “Nan pòtay sa yo, chak jou, yo te dwe manje nouvo pen kachè jwif. E pa t dwe gen leven pami yo, pandan sèt jou yo.” Èske se vre? [Kongregasyon an di, “Amèn.”— Editè a] Konsa, sèt aj legliz yo, san leven, san kredo, san anyen ki ajoute. Sa dwe absoliman

pen san leven. “Okenn leven pa t dwe jwenn pami nou, ditou.” Jis yon leven, Pawòl la Limenm, se sèl bagay. E Pawòl sa se Bondye. E Bondye te fè L chè, an Pèsòn nan Jezikri, ki se, Pòt la. “Men Pòt kote M ap rankontre w, pou adore, lè w ap swiv kòmandman Bondye.”

83 Kidonk, si w jis vini, aswè a, pou ap di, “Mwen ofri Jezikri vi mwen,” epi w pa t janm resevwa Sentespri a; antre Ladann. Ou dwe fè l. Ou dwe grandi Ladann. Mande Bondye pou lote Pawòl sou tèt Pawòl, konsa, jouk ou atenn plenitid grandè yon pitit gason oswa, yon pitit fi Bondye.

Ou t ap pran bagay nan mond lan? 1 Jan di, “Si w renmen mond lan, oswa bagay ki nan mond lan, se paske lanmou Bondye pa menm nan ou.” Ou te sedwi. Ou te gen lanmou mond lan la, e sa te sedwi w, dyab la te fè sa, ap lote bagay la, epi ap montre. Ou wè? Ou paka...Ebyen, lè sa, ou paka pran yon sèl Pawòl Bondye soti nan Bib la.

Kisa k te lakoz premye peche a? Se pa t jis yon gwo tonton manti, men poutèt Èv te mal plase, dyab la te fè l fè sa, mal plase yon Mo. Yon Mo, te brize chèn lan, e li te refize pran yon Pawòl. Sa se te kòmansman Bib la.

Jezi te vini nan mitan Bib la. Li te di, “Lòm pap viv de pen sèlman, men de tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Sa se Pawòl Bondye an antye. Èske w kwè ke Sa se revelasyon Limenm? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a] Pawòl Bondye a an antye.

Konsa, nan Apokalips 22, Jezi te vin jwenn Jan, sou zile Patmòs la. E Jezi, “Mwen menm Jezi te voye anj Mwen pou temwaye bagay sa yo.” Ou wè? “Nenpòt moun ki va retire yon Mo nan Sa, oswa ki va ajoute yon mo a Sa, Mwen va retire pati pa l la nan Liv Lavi a.”

84 Pa jis ap di, “Ebyen, Mwen--mwen kwè Jezikri, Fis de Dye a.” Se kòrèk. Alò ajoute rès La a sa. Ou va di, “M te jistifye. Mwen te bay minis lan men pa m. Mwen kwè nan Jezikri.” Alò ou dwe ne de nouvo. Ou dwe ranpli ak Sentespri. Ou wè? Jis kontinye ap ajoute, pandan w kontinye ap vanse. W ap grandi pou vin selon grandè yon pitit gason ak yon pitit fi Bondye. O la la!

Bondye, ki kapab prepare nou, pou bannou dezi fò sa nan vi nou, ke nou vle wè yon bagay. Konbyen moun anndan la ki vle plis Bondye ankò? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a] Ebyen, sa montre ke gen pi plis pou ou. Ou wè? Ou gen dezi fò a pou sa. Ti doulè akouchman w yo ap vini. Ou wè? Ou bezwen pi plis, pou w ka jwaye, epi lib, epi pafè. Nou dwe konsa.

85 Tankou ti--ti--ti jèm lavi a...anndan Bondye, jis tankou, jèm lavi a anndan...nan manman an. Bondye ap grandi; ap kontinye, te pati, al prepare plas la pou nou, plas Etènèl

avèk Limenm lan; pa yon plas kote ki gen yon kay pestifere santi, youn k ap mouri, peche, adiltè, ak salte mond lan la. Si panse w fikse sou sa, sa montre ke li pa t janm antre an kontak avèk Bondye. Ou wè? Ou te fabrike sa. Ou gen yon ilizyon mantal.

Ou jis fè w manb legliz pou ap di, “Ebyen, mwen fè pati de *sesi*. Manman m te fè pati de *se/a*.” Sa te ka kòrèk nan epòk manman w, men n ap viv nan yon lòt epòk.

86 Mesaj Wesley a patap janm...Li jis patka pran pa Luther a. Luther te kwè nan jistifikasyon, men Wesley te gen sanktifikasyon. Pannkotis yo te vini, yo patka jis pran jistifikasyon, sanktifikasyon. Pou yo, se te moman pou restorasyon don yo. Kounye a n ap kontinye apati de sa. Ou wè?

Menm etap yo lè--lè Viy lan ap grandi. An premye, se yon ti pous, Luther te vini, apati de refòm lan. Dakò. Sa se te tij la. Obsève lanati. Bondye ak lanati travay an amoni, paske Bondye nan lanati. Ou wè? Pwochen ki te vini, se te glann lan, polèn lan, aj Metodis la. Apre sa Pannkotis yo te vini, o, la la, si tèlman pafè, ou wè, jis tankou grenn ble a sanble sa te pafè, grenn ble a. Louvri l, pa gen okenn ble la, ditou. Se yon anvlop, yon transpòtè pou Li, men Vi sa t ap vanse atravè l. Ou wè?

87 Yo menm laba nan aj Luther a yo te aksepte Luther. Vi sa te vini atravè sa, men li te pati epi vin yon denominasyon. Premye sa w te konstate, li te jis vin yon denominasyon ke aboutisman an se pou yo boule l. Ou wè? Tij la te seche; se te jis yon transpòtè. Kèk nan yo toujou ap eseye rete nan vye transpòtè sa, yo pa konn anyen de Bondye, yo mouri. Yo di, “Ebyen, gade, nou se yon fèy. Nou te yon Luther.” Se vre. Men gade kote sa ye kounye a. Ou wè?

“Nou te Metodis.”

E yo menm di, “Nou te Pannkotis.” Men gade Pannkotis yo, kijan yo frèt epi jan sa ap vin fòmalis, kijan tout moun ap elwayo yo. ou wè? Kisa sa te ye? Se te yon transpòtè pou vrè Semans lan. Ou wè? Tout lòt sa yo se te dè transpòtè, men yo te al nan denominasyon. Si w di, “Mwen se Pannkotis,” sa pa vle di plis pou Bondye ke si w te di ou se yon Katolik Women oswa yon Jwif, oswa kèlkeswa sa w taka ye a.

88 Ou dwe ne, ak Vi sa ki vini atravè transpòtè sa la. Piga w rete nan tij la. Piga w rete nan semans lan. Ale toudwat nan pati ki pafè a.

89 Bon, sonje, epi chak refòm nou te genyen, tout tan Luther sa yo ak bagay konsa, nan twazan yo te òganize. Se vre. Chak revèy te bay yon òganizasyon nan espas twazan.

Panse a konbyen tan depi mouvman sa ap vanse, ven kèk lane, epi okenn òganizasyon. Poukisa? Se Semans lan, k ap vini, k ap fòme pa anba kwout lan tankou sa a. Ap ekspoze, bon li dwe ekspoze nan Prezans Pitit la, pou l vin mi tankou gloriye grenn lan menm jan ak Sila ki te pati an premye a. Premye vrè Legliz ki te desann, an premye a, ap retounen drèt la atravè tij la, pou soti, yon lòt Legliz, lè tout ansanm va vini pou ranmase L monte. Vi sa ki te desann nan Luther a, Vi sa ki te desann nann Metodis yo, Vi sa ki te desann nan Pannkotis yo, va vini nan grenn lan. Tout sa va ale drèt nan grenn lan, e li va soti, pou ap fòme Kò pafè Jezikri a.

90 Jis tankou solèy la leve, le maten. Ou paka wè lòt bagay nan lanati ke sa ki temwaye de Bondye. Ou pa menm bezwen Bib, pou w konnen gen yon Bondye. Ti solèy sa fèt, yon ti bebe tou fèb. Apeprè a setè, li pati, kòmanse al lekòl. A dis oswa onzè, li te soti. A midi, li nan tout fòs li. A twazè apremidi, li kòmanse vyeyi. A sèt oswa uitè, sis... Senk oswa sizè di swa, zèpòl li kòmanse ap desann. Li mouri. Èske se fen li? Non. li resisite ankò jou apre a. Lavi, lanmò, antèman, rezirèksyon!

91 Gade fèy ki vin nan pyebwa a. Li vini, kòm yon bèl fèy, an penpan; li bay lonbraj; pouse fwi li. Apre sa, premye sa w aprann, otòn rive, frape l, se lanmò; kouri desann nan rasin lan, nan tè ankò. Èske se fen li? Prentan apre a li retounen ankò pou temwaye. O! Se lavi tout tan.

Men, frè, sè, nou gen Lavi Etènèl. Nou gen Lavi Etènèl atravè Gwo Sila ki te vini an, ki te pati, e ki ka prepare yon kò pou nou. E doulè entans sa yo ke n ap santi a, tankou nou menm medam yo santi nou kondane pou sa n ap fè yo, nou menm mesye yo ki pandye sou doktrin seminè, ak bagay konsa, nou tout vle ap di, “Mwen—mwen resite kredo sa. Mwen fè sesi.” Men gen yon bagay drèt anba nan ou, lè w wè jye avèg ki te louvri; moun soud kon...avèg. Tout bagay sa yo ki te pwomèt. Wè Pawòl la ki te preche nan pwisans Li. Wè yon pwostitiye, kite lari a, pou vin yon dam. Wè yon—wè yon tafyatè soti kite la, pou vin yon veritab sen pou Bondye. O la la! Ou wè? Gen yon bagay, Lavi anndan la. E ou kòmanse santi, “Ebyen, petèt mwen pata dwe fè sa.” Men, ou wè, kisa sa ye, se yon bagay ke Kò w byen lwen laba bezwen. “Annou wè.” Men Bondye gen vitamin yo drèt Ladann pou chak ti bagay pou Kò sa. Jezi t al prepare plas la anndan Bondye; wi, mesye, yon ti jèm, pitit Bondye, yon ti pitit gason oswa yon ti pitit bi Bondye.

92 Jezi te gen dezi pou yon sèl bagay, nana priyè Li te adrese Papa a. Ou konn kisa sa te ye? Yon sèl bagay, apre tout sakrifis Li te fè isit sou tè a, apre vi Li te viv la, santye Li te pakouri a. Li te mande yon sèl bagay. “Pou ke kote Mwen ye, yo kapab la tou.” Li te vle gen fratenite nou. Se sèl bagay Li te mande Papa a nan priyè a, rete an konpayi nou pou tout tan.

Si w vle li sa nan Sen Jan 17, 24yèm vèsè a. Alò konbyen nou ta dwe gen dezi pou Li? Si Li gen dezi...

Koute kounye a. Si w vrèman ne selon Lespri Bondye, sa vle di tout bagay pou ou. Ou wè? Se pa yon liv avèk règleman. Ou pa gen okenn lwa pou w ap obsève ak bagay konsa. W ap viv dapre gras Bondye, Lespri Bondye.

93 Mwen souvan di sa. Antan ke misyonè, mwen te konn ale a letranje. Sa k t ap rive si m ta leve madanm mwen, pitit mwen nan, “Bon gade, timoun! Koute, Madam Branham! Se mwen k mari w. Ou pa pral pran lòt mari pandan m deyò. Si w fè sa, m ap kòche w lè m retounen”? En-en. Ou wè?

Frape pye m, “Timoun, koute sa m ap di?”

“Ya. Wi, papa. Wi, papa.”

“Si w tandè pale de yon sèl dezobeyisans? Ou wè? Ou wè? Bon, èske sa pa t ap tout on kay?

Bon sa k t ap rive si manzè ta reponn, “Bon, men pa w, mesye? Kounye a mwen vle di w yon bagay Mesye Branham, se mwen ki madanm legal lejitim ou! Ou pap pran okenn lòt zanmi fi non pli, pandan w deyò”? Bon, èske sa pa t ap tout on kay? Bon, se t ap kichòy.

Nou pa fè sa. Mwen renmen l, e li renmen m. Lè l konnen m pral pati, li konnen mwen pa prale si Seyè a rele m pou m ale. Nou desann sou planche a, e nou fè timoun yo vini toutotou. Nou priye. Mwen konn di, “Bondye damou, pran swen ti konpay mwen an, timoun mwen yo.” Yo konn di pandan nou pral ale, pandan l prale.” E alò lè nou va travèse...

94 Kounye a, sa k t ap rive si m ta fè yon move bagay laba? Sa k t ap rive si m ta transgese, fè yon move bagay? Pou retounen ale jwenn pòv ti madanm mwen sa, kanpe la ap gade figi l ak rid, ak cheve l k ap blanchi, m ta mache pou di, “Cheri, m vle di w yon bagay. Ou konnen m renmen w.”

Sèten, Bill, mwen konnen w renmen m.”

95 “M ap di w kisa m te fè. Mwen te mennen fi nan kay la.” M—m di, “Èske w ap padone m pou sa?” Mwen kwè l t ap fè l. Mwen vrèman kwè l. Men èske m t ap ka fè sa? Lè m gade, l kanpe la, ap wè cheve l yo k ap blanchi, epi konsyan ke li kanpe ant mwen menm e piblik la, e mwen konsyan kijan li te yon veritab madanm, èske m t ap fè sa? Mwen—mwen ta prefere mouri tan pou m ta fè l mal. M ta prefere sa.

E si se konsa, nan lanmou fileyo pou madanm mwen, ki kantite fwa pi gran lanmou agapawo mwen gen pou Bondye ye! O, mwen pa t ap fè anyen pou blese L. Sètènman pa. Mwen—mwen renmen L. Mwen vle fè tout bagay Li—Li vle m fè. Mwen vle konfòme m ak chak Pawòl Li te di, pe enpòt sa lemond di. Yo menm, yo pap kwè L, de tout fason. Mwen vle konnen sa Li te di pou m fè. E si m manke yon bagay, mwen vle L ban mwen l. Epitou viv pou Li, ap gade tèt nou de zafè mond lan.

96 Vye kò terès sa la te gen...Kite m di w. Kò terès sa ki tèlman okipe panse nou, ke nou ap kopye sou Hollywood. Nou tèlman pwòch li. Li pa la pou lontan. Raple w. Ou te tande pwofesi, ou wè, ke Seyè a te ban mwen an, “Li va desann.” Wi, mesye. Remake. Sa va fèt. Jis siveye. Kounye a, Li pa t janm di m anyen de fo, ankò. Mwen ka prezante sa bay nenpòt moun ki vle di l. M pa konn ki kote oswa kilè, men li fini. Jijman sispann sou li. Pa gen redanmsyon pou li; sa deja pase. Ou wè?

97 Bon remake sa. Viv pou Li, gade tèt nou de zafè mond lan. Kounye a gade. Ou gade nan televizyon, kèk nan sè nou yo, e ou desann la epi ou vle, nou menm jèn medam yo. Nou jèn. Mwen konn sa. Men nou se Kreyòl. Ou wè? Ou wè? Nou diferan. Nou pa vle tankou lemond. Nou renmen lemond. Non sèlman nou menm jèn yo; kèk nan nou ki pi aje yo. Ou wè? Ebyen, kisa k fè sa? Ou wè? Nou gade televizyon, nou desann nan magazen an, nou wè vye ti rad sa yo ke fanm yo pote a, sa kontrè a Bondye.

Èske nou konn kisa k pral rive Jou Jijman an? Ou ka jis gen otan de vètu pou mari w ke w kapab, men Jou Jijman an ou va gen pou reponn poutèt ou te komèt adiltè. Jezi di, “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l deja komèt adiltè avèk li nan kè l.” Kimou yo dwe blame? Ou menm. Ou wè? Ou te prezante tèt ou, bout pantalon ak pantalon sa yo.

Yon dam te di m, sa pa fè lontan, li te di, “Mwen pa pote bout pantalon, Frè Branham. Mwen di Bondye mèsè pou sa. Mwen pote pantalon.”

98 Mwen te reponn, “Sa a pi mal.” Sa a pi mal. Se vre.

99 Ou paka menm achte yon wòb, apèn, pou fanm. Li te reponn, yon fanm te di, “Ebyen, ou te di laverite. ‘Ou pa kapab. Ou paka achte sa.’” Men yo toujou vann tisi ak machin a koud. Ou wè? Kifè pa gen ekskiz, ditou. Ou wè? Ou wè?

Sa montre w, sè. Mwen se fè w. E mwen se yon sèvitè Kris, ki gen pou reponn devan Ba Jijman an pou sa m ap di isit la aswè a. Ou wè? Ou pral kanpe, koupab pou adiltè, paske lanmou Bondye a te koule soti kite kè w. Ou toujou pral legliz. Ou kapab toujou ap danse an Espri. Ou kapab toujou ap pale an lang. E bagay sa yo kòrèk, men se poko Sa ankò. Non, mesye.

100 Sonje, Bib la di, “Nan dènye jou yo va gen fo Kris,” pa fo Jezi. Yo patap ret an plas pou bagay sa. Men, “fo Kris,” Fo wen. Yo wenn absoliman avèk Lespri, avèk Sentespri a, e fo kanmenm. Ou wè? Gen de...

101 Ou konpoze de twa bagay. Eksteryè a ki se kò a. Ou gen senk sans, ke ou kontakte demè terès ou ak sa. Enteryè a ki se yon espri. Gen senk sans la, lanmou ak konsyans, elatriye, pou w kontakte. Men anndan sa se nanm lan.

102 Sonje, “Lapli a tonbe sou jis ak sou enjis la.” Menm lapli ki va fè grenn ble a grandi an li va fè yon pikan chadon grandi tou. Ou wè? Kisa sa ye? Anndan semans sa gen yon nati, e nati sa demontre, demontre tèt li. Li ka kanpe nan menm chan an, drèt la ak move zèb la. Move zèb la ak ble a kanpe ansanm, jis ap rejwi yo menm jan an. Tèt li panche anba. L ap mouri ak swaf. Lè lapli vini, pikan chadon an ka pouse kri jis osi fò ke ble a. “Men pa fwi yo ou va rekonèt yo.” Ou wè?

103 Kreyen, mwen kapab pa janm wè nou ankò. Ou wè, sa fè dèzane depi m ap vin isit la. M ka pa janm wè nou ankò. Aliyen nou ak Pawòl Bondye a. Gade nan miwa a.

Tankou yon ti gason yon fwa, ki te soti kite kanpay la, li pa t janm wè yon miwa. Li te al kay matant li—li. Li te kòmanse ap monte eskalye yo. Li te wè yon miwa, e li te wè yon ti gason nan miwa a. Li te kontinye ap monte, ap gade. Epi—epi li te voye men l anlè, e ti gason an t ap voye men l anlè. Li te kontinye ap gade. Li pa t janm te konn wè tèt li nan yon miwa. Kifè lè l te rive ase pwòch li, li te retounen, pou di, “Enben, Manman, se mwen!

104 A kisa w sanble, nan miwa Bondye a? Èske l reflekte yon pitit fi oswa yon pitit gason Bondye? Èske gen yon bagay, ke, w te tandè Sa, èske li fè w rayi nonm sa ki t ap di L la? Osinon, èske gen yon bagay ki ap tire, pou di, “Mwen konnen nonm sa gen rezon paske sa nan Lèzekriti”? Alò, sa se vitamin ki nesesè pou kò sa ki te òdone pou l te la, yon demè ke lòt sa pral bezwen kan w va rive la. Ou wè? “Demè sa; si nou te fèt antan ke terès.”

105 Kounye a sonje, nou tèlman ap panse a kò sa. Nou si tèlman mete rad sou li. Nou fè on bann bagay, ki pa nesesè, chanjman apre chanjman apre chanjman, ak tout bagay sa yo. Epi—epi, o, se jis tout moun.

Jis kite yon moun kòmanse on bagay. Ou pentire eskalye koulè wouj epi obsève moun Jones yo ki pentire pa yo a an wouj. Ou chanje yon Chevvolè pou yon Fòd, yo jis paka sipòte sa. Se tan bagay dwe parèy. Ou kite...Kite yon dam vin legliz, ak on jan de chapo, obsève tout medam yo ak sa; espesyalman si se madan pastè a, ou wè, jis obsève sa k rive. Bon, se vre. Sa se verite absolè. Se tan bagay dwe parèy. E yo tout—tout bagay sa yo se—se pou yon bi.

Mwen pa fè ka si kostim mwenale ak chemiz mwen. Mwen gen difikilte. Madanm mwen oswa bèl fi mwen, yon moun, dwe di m ki jan de—de kravats pou m pote avè l. Mwen—mwen pa fè ka si yo ale ansanm. Mwen vle ke eksperyans mwen ale ansanm ak Pawòl Bondye a. Se sa bagay la ye, paske se la m ap dirije m pou m al viv; pa anba nan kwen laba avèk moun Jones yo, men byen lwen nan Laglwa kote Jezi ye, te pati pou al prepare yon plas pou nou. Wi, nou vle sa. Wi, mesye. Gade w de tout sa.

106 Vye tabènak terès sa la, ou konn kisa l ye? Kò sa se tankou yon vye kostim ke w pote, yon kostim ke w te konn mete yon fwa. Men kounye a ou gen yon lòt ki tèlman pi bon, ke ou pa itilize l ankò. Kisa w fè? Ou pandye l nan pandri, paske ou gen youn ki pi bon. Ou gen yon pi bon kostim. Li plis alamòd ke sila ou te konn abitye mete a, ki abimen. Kisa? Se abi sa. Ou se enteryè sa ki la. Abiman fè sèlman kisa? Li pote imaj ou. Ou wè? Men ou pa bezwen l ankò kounye a. Ou pandye l. Se yon vye ranyon.

E se fason sa ke vye kò sa ye, ou menm, li pote imaj selès la. Poutan, se pa ou menm. Ou a lenteriyè kò sa. Ou menm, Lespri Bondye, a lenteriyè kò sa. Se sa ki fè eksteryè avin an soumisyon, paske enteryè a ap tire l, ou wè, pou mennen l an liy ak Pawòl Bondye a; enteryè ou, ou menm menm, èt pa w.

Kò sa se jis yon vye kostim. E yon jou, kisa ou pral fè avè l, paske ou te—ou te sèlman nan abiman sa pou yon ti tan? Se tankou abiman terès la; kò sa. Vrè—vrè kò ou, vrè ou menm lan, li anndan vye kostim sa ke w rele William Branham lan, oswa Susie Jones, oswa kèlkeswa sa l ye a. Ou wè? Yon jou li va pandye nan Hall terès kote souvni w ye. Ou va depoze l laba nan tonbo a, epi yon moun va plase yon pyè tonbal pou li, “La ap repoze Reveran Entèl—entèl, oswa John Entèl—entèl, oubyen Entèl—entèl.” Li va etann la antan ke souvni w. Moun yo sèlman te jis konn wè w nan sa. E sa w te ye a, vrè ou menm nan, te a lenteriyè bagay sa. Men vye kostim lan, limenm, te jis “pote imaj Selès la.”

O, moun yo, èske w te fè rezèvasyon pou chanje kostim? Èske w te fè rezèvasyon pou Syèl la? Sonje, ou dwe fè rezèvasyon w. Ou paka antre san sa.

M ap pale avè w nan langaj modèn kounye a, pou w ka konnen. Si w al nan yon otèl, ou di, “Ebyen, mwen te gen...”

107 “Èske w te fè rezèvasyon? Ebyen, mwen regrèt. Tout chanm yo ranpli.” Ou la deyò a nan fredyè, paske ou te echwe fè rezèvasyon.

E si w rive nan fen vwayaj lavi w, san rezèvasyon, pap gen Pèsonn la pou rankontre w. Ou va oblije mete w sou kote nan yon Etènite sonb kote k va gen rèl, kriye, kriye dlo nan

jye, ak dan sere. Ou dwe. Ou paka antre nan Vil la, ou menm, paske ou pa t gen rezèvasyon, ak abiman sove a, sou ou. Ou pap kapab.

108 Nan Matye, mwen gen yon Ekriti la. M ap gade Ekriti a, Matye, ven-...22:1 a 14. Mwen pa gen tan pou li l, paske li ta. Mwen te pale avè w twò lontan. Men sonje, wa a te voye prepare yon soupe. Li te fè touye tout bèf li yo, epi—epi prepare vo gra yo ak tout bagay, li te prepare yon gran soupe. E li te voye deyò, pou l ap sipliye anpil pou vini.

Youn te di, “Ebyen, ou konnen, apretou, mwen fè pati de sesi.” “E mwen gen sesi.” “Mwen oblije al nan fèm mwen an.” E youn te fè on pakèt bagay. Epi li te voye yo ankò, e yo te maltrete yo avèk mechanste. E finalman...Sa se te jenerasyon Jwif yo, ke Jezi t ap pale. Yo te lòt bagay pou yo fè.

Alò, finalman, li te fè yo antre, “E li di...Ale. Pa jis...Jis fòse yo. Ale nan lari yo ak gran chemen yo, ak tout kote, fòse yo antre.” E apre sa, li te jije ke kay li te...Soupe nòs Li a pa pral demare. Pral gen envite la.

E alò li te jwenn yon nonm anndan la ki pa t gen abiman nòs la sou li. Li te vle kenbe vye kostim li an. E gade kisa l te di. “Zanmi, apre M te fin envite w nan soupe nòs mwen an, e m te envite pou ba w yon envitasyon pou w vini!”

109 E si n te janm ale nan Oryan, kote m preche plizyè fwa, soupe nòs sa a toujou kontinye menm jan l te ye a. Lemarye, ke, tout, li gen tèlman anpil envite ke l pral genyen. Petèt, Frè Kapp, petèt ke ou te gade l la a an End. Ou wè? Yo tèlman gen anpil envite ke l pral mande; annou di l pral envite trant envite.

Kounye a, lemarye dwe bay dè wòb. Li dwe bay yo, se poutèt sa g on mesye ki kanpe nan pòt la. E ou vin ak envitasyon w. Li egzamine envitasyon w lan epi l mete w nan on rad, yon wòb. La a, kèk nan yo rich, epi kèk nan yo pòv, e kèk nan yo diferan, men yo tout sanble lè yo gen wòb sa yo sou yo. Yo tout sanble.

E nou tout dwe sanble. Nou pap ka di: “M se Metodis la bò *isi a*. M se Presbiteryen an bò *isi a*.” O, non. Nou pap antre, ditou. Ou wè?

Nou dwe vini pa Pòt la. Jezi te di: “M se Pòt la pou bèjri an.”

“M se Pannkotis. M *sesi*. M *se/a*.” Sa pa vle di yon bagay.

Nou vini pa Pòt sa a. E si n vini pa Pòt sa a, nou resevwa wòb la.

110 E nonm sa a, lè l te di: “Kijan w te fè antre *isi a*, zanmi?” Ou wè?

Sa te montre ke li monte nan kèk lòt kote, epi antre pa on fenèt, antre pa dèyè, men pa pa pòt la; pa pa Pòt la, fason ke Jezi te vini an, pa sakrifis tèt Li; bay tout oumenm bay Bondye, epi ap mache nan Kalvè epi pou w klouwe sou kwa avè L. Epi resisite ankò, pou pote rad sakrifis Li ak lanmò pou bagay yo ki nan mond lan.

111 “Si n renmen mond lan, oswa bagay mond lan, lanmou Bondye pa menm nan nou.” Ou wè? Si n toujou gen lanmou pou mond lan, vle aji tankou mond lan, epi fè tankou mond lan; n ap ese... n ap... Byen ke, nou nan legliz la, men ou son ti boul pikan nan menm chan ke ble an; nou rele ak lòt yo, nou rejwi ak lòt yo. Tout benediksyon espiyèl yo dwat sou nou.

Nou di: “Ebyen, m pwofetize.” Kayif tou. Balaam tou. Sa pa g anyen...

112 “M gen batèm lan, Sentespri an.” Sa toujou pa g anyen pou wè avè l. Se jis sèlman yon don tanporèl pou ou.

Vrè don an se nanm ou anndan la a, ou wè, ki te ne de Bondye, epi ki kontwole tout bagay la pou Pawòl Bondye ak volonte Bondye a. E la a nou grandi, ou wè, lè sa a nou s on pitit gason ak pitit fi Bondye. Nou s on pitit Bondye. E bagay sa yo, antan n ap grandi... Tankou manman an, kounye a nou nan zantray tè a, ap eseye soti. Nou s on pitit gason Bondye, k ap soti, epi nou wè Pawòl la di: “M ta dwe fè sa. M ta dwe ne de nouvo.”

“Ebyen, m fè pati de legliz la.” Sa pa vle di yon bagay. Ou wè?

“M se Metodis; manman m.” Sa a bon pou manman w.

113 “Ebyen, o la la, m son Pannkotis. M fè pati.” Sa, si w pa aliye ak Pawòl sa a, g on bagay ki pa bon. Ou wè? Alò, nou wè, vrè papa nou se pa Bondye. Ou wè? Paske sa a reyèlman kòmanse nan nanm ou, anvan te menm g on lespri, se te nanm ou. Nanm sa a pat sot de Bondye, kidonk li pat yon jèm Bondye, pou kòmanse. Yo twonpe nou. Nou nan yon chan move zèb epi n ap rann temwayaj mond lan, pa move zèb k ap pouse. Ap aji tankou mond lan, renmen mond lan, se paske lanmou Bondye pa nan nou.

114 E kounye a pral gen dè moun ki se fo wen nan dènye jou yo, pa fo Jezi. Yo pa tap kanpe pou sa. Men, “fo,” wen. Yo wen, wi, mesye, men yo se anti Kris. Yo wen ak Lespri a, pou fè siy ak bèl mèchèt ke Kris te fè yo, men yo pap aliye ak Pawòl Li. Ou wè?

“Anpil ap vin jwenn Mwen, Jou sa a, epi di: ‘Seyè, èske m pat pwofetize, epi chase demon, nan Non W?’”

Li di: “Rale kò n sou Mwen, noumenm ki fè zèv inikite. M pat janm konnen nou.”

“M te Pannkotis, Seyè. Glwa pou Bondye! M te rele. M te pale nan lang. E m te poze men sou malad yo, epi te geri yo, chase demon.”

“Rale kò n sou Mwen, noumenm ki fè zèv inikite. M pat janm konnen nou.”

115 Ou wè sa m vle di? O, ti pitit, èske n santi bezwen vitamin sa a aswè a, bagay sa a? G on kò k ap tann laba a. G on kò k ap tann pou yo resevwa l. Moun yo, se pou yo pa twonpe nou. Se pou yo pa twonpe nou. Dyab la s on twonpè. Menm rad nòs la—la, nou dwe mete L. Sa dwe fèt.

116 Kounye a nou nan tan aswè a. Kò terès la pare kounye a pou l detwi, e n ap pare pou n antre nan kò Selès la. E kounye a nou santi apèl etranj lan, de Bondye, pou al nan gran Edèn sa a. E anvan nou ka ne isi a, ti kò nou yo te rele pou on bagay ki—ki te dwe bay, oswa nou t ap yon timoun aflije isi a si n pat sa. Bondye pa g okenn aflikasyon anwo la a. Yo, chak grenn, aliye pafètman, Epouz la jis egzakteman tankou Lemarye te ye, Pawòl la te manifeste nan sezon Li. Ke Bondye akòde l, aswè a, timoun, a nou tout chak! G on Syèl pou al ladann. G on lanfè pou evite.

117 Kounye a, anpil nan nou konnen ke Seyè a te ban m dè vizyon, dè milye nan sa yo. Pi gran bagay la...M t abitye pè lanmò. Sa fè apeprè twazan de sa, nou te wè Biznismenn Kreyen yo, *Odela Rido Tan an*. M reyalize ke m te ka pa siviv nwit sa a. M ka pa janm wè nou ankò nan vi m isi a, men se vre. Mwen—m konnen si m ka rele sa a on vizyon, oswa sa l te ye a.

Yon jou maten, tou dènyèman, m te...M te fèk leve. M te sot nan reyinyon. Epi madanm mwen te lonje la a, nan dòmi. M te di: “Cheri, èske w leve?” Li te toujou ap dòmi. M konnen nou te dwe leve, pou mennen timoun yo lekòl.

E m mete menm dèyè, kon sa, epi m te di: “Ebyen, didonk, Bill Branham, èske w konnen ou depase senkant? Ou, si w pral f on bagay pou Seyè a, pito w prese: ‘paske w pa gen twòp tan ankò.’” M te panse: “O la la, m espere ke m ka viv pou wè Vini Seyè Jezi a.”

M te toujou genyen sa nan lespri m, ke—ke lè n mouri, m tap wè, tankou, frè *isi a*. M ta di... “Wi, ou te preche nan legliz mwen, yon nwit anba a sou latè, Frè Branham.” Men, li—li s on lespri, m pa tap ka ba l lanmen, paske men l la a nan tonm lan, fin pouri nèt, ou wè; pa m lan, tou. M te abitye panse sa.

118 Men jou maten sa a, lè, m te santi On Bagay vin sou mwen, epi m te panse...Dabitid, tankou on vizyon vini. Epi m te gade, epi m—m te gade. M te panse: “O la la! Kisa sa ye?” Epi m te gade, yon gran, kolin vèt. Epi jenn fanm t ap vini sot toupatou, pa dè dizèn de milye, ak

santèn de milye. Epi yo tout t ap vini, cheve long pandye sou do yo, rad blanch sou yo, pye atè, ap rele, rele: “Frè nou an!”

119 M—m te panse: “Kounye a, sa etranj.” M te vire do m tounen epi m te gade. E men m te lonje la menm, e men madanm mwen te la a, lonje la a sou kabann lan. Epi m te di: “Kounye a, ou konn kisa? M mouri.” M te di: “Sa, se sa k te rive. M—m te mouri.” Epi m te di: “M dwe te g on atak kè, oswa on bagay. M te mouri. Men kò m lonje la a.” M te jis lonje la a ak menm sou dèyè, kon sa, jis rès konsa. M te panse: “Sa a pa menm ven pye de mwenmenm.” E men m te la a, ap gade. M te panse: “Sa se.... Men madanm mwen la a. La a, men tout bagay. Men chemiz mwen pandye la a sou pye kabann sa a la a.” Epi m te panse: “Men mwen.”

120 M te vire gade ankò, epi tout fanm sa yo t ap vini. E yo te...M te gade, ap vin nan direksyon sa a, epi men frè m yo ki vini. O! Yo otantik. Yo tout te sanble yo jenn mesye. Yo tap rele: “Presye frè nou!” O, m pat konn sa pou m panse.

121 M te panse: “Sa etranj.” M te gade dèyè, epi m pat yon granmoun. M te jenn. M te panse: “Sa s on bagay etranj.” M te panse: “Èske sa s on vizyon?” M ta mòde dwèt mwen. Epi m te panse: “Non. Se pa jan de vizyon m te genyen.”

122 Apresa, la a, On Bagay kòmanse pale avè m *isi a*, epi te di: “Ou antre ak moun ou yo.”

M te panse: “Ak moun mwen yo? Èske sila yo se Branham?”

123 Li te di: “Yo se konvèti w nan Kris.” Ak fanm sa yo...

Nou konnen yo te toujou konsidere m, nan sans yo ta rele m “moun ki rayi fanm,” men m pa sa. Ou wè? Paske, m kwè...Mwen—mwen—mwen pa renmen imoral, endesan. M renmen vrè sè nan Kris ki otantik. Si se konsa yo ye, trè byen.

124 M te gen sikatris lè m t on timoun. M konn dè bagay ki te pase ki on jan te transfòme m fason sa a. Men tout se—se te Bondye, k ap fè, ap moule m pou lè sa a. Ou wè?

125 M panse yon vrè sè otantik, pa g anyen ki pi bèl. Si Bondye te ka bay on nonm nenpòt bagay ki pi bon pase lesali, Li tap ba l on madanm. Ou wè? E kidonk, lè sa a, si L te bay on bagay ki pi bon, Li tap fè sa. Epi pou wè kèk nan yo vire epi pa menm aji tankou on madanm, enfidèl ak ve maryaj yo, epi mari yo menm bagay la. Nou sonje, nou atache toutotan n ap viv, youn ak lòt. “Sa Bondye reyini sou latè, te reyini nan Syèl la tou.” Ou wè?

126 E kidonk alò m—m te wè sa. E fanm sa yo kouri epi te voye bra yo nan koun m, epi t ap vlope m, epi rele m: “Frè!” Kounye a, yo te dè fanm, men pa ka janm gen peche nan kote sa a. Ou wè? Yo te dè fanm. Men, ou wè, fason nou fèt kounye a, on fanm ak on—on glann,

on glann femèl, epi on nonm ak on glann mal, se pou leve timoun. La a sa pap fèt. Yo tout pral yon sèl glann, men y ap toujou gen menm fòm lan. Imaj latè ke yo te pote isi a pral la a, men pap janm ka gen peche. Nou tout se menm lan. Pap gen timoun ankò ki leve la a. Ou wè? Se vre. Tout pral konsa. E kidonk me te gade, epi te gen fanm sa yo.

127 Epi yo te pran m. Frè sa yo te mete m anlè sou on plas. M te di: “Poukisa nou fè sa?”

Li te di: “Sou latè ou t on lidè.” Epi te di—epi te di: “Oumenm...Sila yo se moun yo.”

128 E te g on fanm ki vini. Li te di: “Presye frè nou.” On bèl fanm!

Lè l te pase, Vwa sa a mande m, te di: “Èske w sonje l?”

M te di: “Non.”

Te di: “Ou te kondwi l bay Kris lè l te pase katrevendis an. Ou wè? Ou pa ka wè poukisa li di ‘presye frè’?”

M te di: “Ebyen, èske—èske w ale...”

Te di: “Non. N ap tann isi a.”

M te di: “Ebyen, si mwen lòt bò a, m vle wè Jezi.”

Te di: “Ou pa ka wè L kounye a. Sa se Lekriti ki di: ‘Nanm yo anba lotèl la.’ Li jis on ti kal pi wo. Yon jou L ap retounen. N ap tounen sou latè. Nou pa manje e nou pa bwè isi a.”

129 M te di: “Ou vle di mwen te pè sa a? Poukisa, sa a...”

Pa g okenn mo pou eksprime l, zanmi. “Li pafè,” pa tap—pa tap manyen l, “siblim.” Pa g okenn vokabilè Angle ke m konnen, okenn mo ditou, ki te ka janm eksprime sa l ye. Li depase nenpòt bagay ke m konnen. Men l te la a. Pat g okenn maladi, okenn chagren. Ou pat ka mouri. Ou pat ka peche. Li te jis pafè, jis pafè. Zanmi, nou pa dwe, nou pa dwe rate l. Sonje.

130 Lè m t on ti gason, m te wè on vizyon lanfè, etan on ti gason. E nou konn kijan dam yo, jodi a, oswa fanm yo (dam pa tap f on bagay kon sa), pentire je yo tankou yon lou oswa on bagay kon sa, bagay ble sa a anba je yo. M te wè sa. M tap koule. Etan yon ti gason, yo te tire sou mwen, epi m te lonje, ap mouri nan on lopital. E m te toujou konnen te g on Bondye.

M sonje premye priyè m te janm eseye priye. Sèl bagay m te ka di...Mwen—m pat janm di sa anvan. M jis santi m ap di sa kounye a menm. Yo te tire sou mwen, lonje la a, ap mouri nan on chan. E sèl plede m te ka genyen pou Bondye, m te di: “Ou konnen, Seyè, m

pat janm komèt adiltè.” Ou wè? Antanke jen ti gason apeprè kenz an, m te eseye viv dwat. Epi m te di: “M te viv pwòp.” E se tout sa m te ka di. Se tout merit m te ka ofri L.

131 Epi lonje la a, alò, lè doktè a repati, m te santi tèt mwen ak koule nan yon Etenite fènwa, epi te sanble tankou. M te rele pou papa m: “O, papa, ede m.” Pat gen papa la a. “Manman, ede m.” Pat gen manman la a. “Bondye, ede m.” Pat gen Bondye la a. Se t on, o, kochma san fen, terib. Yon lanfè k ap boule, boule rèd tap on plezi, a kote sa a. Alò ke m tap tonbe ladann, m te panse: “O la la!” Ankò e ankò, kon sa. M te rive nan on plas , lafimen, epi fènwa, epi degoutan. E, o, al on sansasyon! Se te lanmò sou mwen.

E m te ka wè fanm sa yo ap vin jwenn mwen, ak kalite je pentire sa yo kon sa. Kounye a sonje, sa fè karantsenk an de sa, apeprè karantan de sa, tout jan. Ap fè, yo tap fè: “Ooo! Ooo! Ooo!”

M te di: “Èske se pou m la a pou tout tan?”

“Tout tan.”

132 M te di: “O Bondye, si W ap kite m sot isi a, mwen—m—m pap janm wont Ou ankò. M pap janm wont. Bondye, tanpri ban m on chans.”

Premye bagay ou konnen, m te santi tèt mwen ap remonte. Epi doktè a te enkyè, paske kè m tap bat sèlman swasanndis fwa pa minit. M te fin senyen tout san m ak tout bagay, te lonje nan pwòp san m. M te mande tèt mwen, youn jou èske sa tap rive?

133 Apeprè dezan de sa, lè m te demenaje nan Tucson, m te ak madanm mwen anba nan J.C. Penney. M te chita la a kon sa, epi ak tèt mwen bese, ap tann. Paske, nou konn kijan, dam yo, yo magazine pandan lontan. E m te—m te chita la a, tèt mwen bese kon sa. E anlè esakalye woulan, men kèk nan fanm sa, ak koup cheve tèt dlo sa yo, nou konnen, jan yo fè, kon sa. Ap monte ak je yo tou makiye kon sa. E yo tap pale Panyòl. Se te sa. Tout bagay la (vizyon an) te repete ankò. Men l te la a: “Ooo! Ooo!”

134 Frè, sè, kite m di nou on bagay. Sa ka parèt komik kounye a, men on fwa w rive la a. S on bagay serye. Piga n janm al nan direksyon sa a.

135 Mwenmen, kòm on granmoun, on minis, m te preche nan viwonn mond lan, gen dè milyon zanmi, men m konnen m dwe kanpe avè nou laba a. Elwaye nou de bagay lemonn yo. Si g on bagay nan nou, ke n toujou vle aji fason n aji a, si n gen bagay lemonn yo nan nou, sonje, ou pa pou Bondye. Nou se jis on manm legliz, jiskaske ou resevwa apèl sa a; pwofondè sa a, ap rele Pwofondè a. Ou wè?

136 Tankou, anvan te g on najwa nan do yon pwason, te dwe g on dlo pou l naje ladann, an premye, oswa li pa tap janm g on najwa.

Anvan te g on—on pyebwa pou grandi nan tè a, te dwe g on tè, oswa pa tap g okenn pyebwa pou grandi ladan l. Pyebwa a pa tap g okenn rezon pou l egziste, ni pou l viv.

137 Anvan g on kreyasyon, dwe g on Kreyatè. “Se pou sila ki grangou ak swaf dèyè jistis, beni.” Ou wè? G on bagay nan nou. Nou te leve men nou sa f on moman, “M vle plis de Bondye.” Ou wè? G on bagay ki gen bezwen.

E si n renmen mond lan, ke nou swiv direksyon sa a, bagay mond lan, nap swiv mond lan nan kous li, e nou pral nan chit la. Ou wè? Soti. Nou se pitit gason ak pitit fi yon Wa, Wa an. Se pou n dam ak jennjan. Mache tankou Kreyen. Viv tankou Kreyen. Aji tankou Kreyen. Sonje, m ap rankontre nou nan Tribinal Jijman an ak remak sa yo. Ou wè?

138 Gade nan miwa nou, aswè a, epi wè. “Nan ki direksyon m prale? Èske Jezi ap pare yon plas pou mwen, yon kò? Kò sa a pafè. Kò sa a mache nan lòd. S on pitit gason oswa on pitit fi devan Bondye. E m se doulè anfantman anndan isi a, pou m fèt nan kò sa a lòt bò a. Si m toujou renmen mond lan, sa montre m ke (m pa) m pa g okenn kò lòt bò a. M jis on manm legliz. M pat jèm Bondye a. M pa sa. Li pa Papa m.”

139 Li te di: “Si n pa ka sipòte chatiman,” se sa n ap pran kounye a, “alò nou se pitit deyò, e n pa pitit Bondye.” Èske se pa vre? [Asanble di: “Egzak.”—Editè a] Èske Bib lan di sa? [“Amèn.”]

Si n pa ka sipòte chatiman Bondye, lè n wè Lekriti aliye nou, epi n di: “O, m pa vle tandè Bagay sa a. M se—m s on Kreyen. M f on...” Trè byen. Nou mèt ale. Ou wè? Se yon prèv sèten ke w pa on pitit Bondye.

Men on vrè pitit Bondye ap grangou epi swaf. Poukisa? Si g on bagay nan kè nou, ap di nou nou vle l, epi sa bezwen la a, sa montre g on bagay k ap palpite, k ap eseye rale n la a. G on kò la a, ke sila a s on tip de isi a. Poukisa w ap sèvi ak sila a, pou glorifye dyab la ak mond lan, ak mòd yo ak bagay? Èske n ap gade nan direksyon Syèl la, g on bagay anwo la a, n ap glorifye Bondye ak vi nou?

Lakay Papa m lan gen anpil kote pou moun rete. Si se pa t vre, mwen pa ta di nou sa. E M prale epi pare on plas pou nou.

...epi m a tounen, pou resevwa nou avè M. Konsa, kote m a ye a, se la n a ye tou.

140 *Bagay Ki Oblije La Yo*. Bagay sa yo ki la a kounye a, se sèlman potansyèl, k ap rele bagay ki dwe la a.

Annou priye.

141 Panse seryezman. Èske n vle, chè zanmi Kreyen? Panse vrèman seryezman, jis on moman. Ann jis ret vrèman an silans jis on moman. Kite Sentespri a pale.

Kounye a, Seyè Jezi te voye m ba nou moun Pannkotis yo, sa fè lontan. Men youn nan gason nou yo ki vin pastè nou, te di: “Se te rezilta ministè a.” Li te wè Seyè Jezi a louvri je avèg yo; “fè,” li te di: “tèt anfle dlo yo te tresi la a menm.” M toujou gen sèvis gerizon yo. Men m reyalize ke m te priye pou anpil moun ki te trè malad. Yo te geri. Seyè a te reponn priyè, epi te geri malad yo. Men, nou konnen, kèk nan moun sa yo, te geri, deja mouri. E sa pa enpòtan kijan nou malad, si n geri, nou pral mouri, kanmenm.

Men nanm sa a, presye frè mwen, nanm sa a, presye sè m, èske n pap panse sou li kounye a? Li Etènèl. Si lanmou Bondye sa a pa anndan la a, pa g anyen kap rale, èske n pap mande Bondye: “O Bondye, fè pran on nouvo depa, tou nèf, aswè a. M renmen W, Seyè. M vle renmen W. E on bagay nan kè m di m ke m dwe viv pi pre W. M vle vini, touswit, Seyè, epi fè sa”? Si moun sa a oswa moun sa yo nan bildin sa a oswa andeyò bildin sa a, m mande nou, kòm yon sèvitè Kris, nan Non Jezikri, èske n vle jis, ak tèt nou bese, leve men nou bay Bondye epi jis di : “Bondye, atire m pi pre, pi pre, chè Bondye. M vle aliyen ak tout bagay ke W gen nan Pawòl Ou”? Leve men nou. Kounye a se pou n jis vrèman onèt. Jis panse.

142 Kounye a, yo di: “O, m te fè sa. Mwen, m te rele fò, Lespri a. M te pale an lang. Men, gade, g on bagay ki manke nan vi m. M gade nan miwa Pawòl Bondye a, m konnen g on bagay. M al legliz, men m pa sa m ta dwe ye a.” Ou wè? Sa montre ke, gon bagay.

Kounye a, si w ka gade tèt ou epi wè ke w pa aliyen ak Pawòl Bondye, e pa g anyen anndan la k ap lakòz pou leve men w, alò ou konnen g on bagay ki pa bon. Ou konnen. Gen...Manman m te abitye di: “Ou pa ka pran san sot nan yon navè, paske pa g okenn san nan li.” Ou wè? Panse a sa, trè seryezman. Sa te ka dènye okazyon w. Trant, karant men te leve, ti gwoup sa a isi a, menm pou mesye klèje yo.

143 Gen anpil respè jis on moman. Kounye a reflechi byen. “Chè Bondye, yo ka petèt touye m, aswè a, nan on aksidan. M ka petèt mouri nan on atak kè. Youn nan jou maten sa yo, m ka petèt rele doktè a, epi l vini, epi batman kè m ap bat apèn; m ale. M ap sere machwa m kont zòrye a, rele: “O Bondye! O Bondye! O Bondye!” Ou wè? Kè sa a ap bat pou dènye fwa. Ou pap janm soti sòf si g on bagay nan ou, apre ke w ne de Lespri Bondye a, ki grangou epi

swaf pou kontinye ak Bondye. Sa dwe fèt. Ou wè? Ou s on pitit nan tè a, nan trip tè a, toujou ap tann pou w ne nan Wayòm Bondye a kote Li t al pare yon lòt kò pou ou, s on kò ki pafè.

Kounye a reflechi byen, epi ann priye ansanm.

144 Chè Bondye, kòm m konnen ke sa nan paj Liv lan, gran Rejis lan! Nou te betize nan lasyans, Seyè, ase pou leve nou, pou reyalize ke chak mouvman ke nou fè, ale nan tout viwonn mond lan, nan menm moman nou fè l. Nou gen sa atravè televizyon. Nou reyalize, Papa, ke televizyon sa a pa fabrike yon imaj, li sèlman kanalize vibrasyon yo—yo nan yon tib ki fè imaj la. Menm koulè rad yo ke n gen sou nou, montre atravè ond etè yo nan lè a, vibrasyon sa a nan viwonn mond lan. Alò kijan sè nou yo avèk rad sa yo sou yo, ap aji kon sa, e pa menm grangou; makiye, cheve koupe?

Minis ki pral nan teyoloji, kèk seminè: “Epi pran pawòl bagay lòm, ki fè, pa tradisyon yo, fè kòmandman Bondye yo san efè sou moun yo, pa tradisyon yo,” ap di moun yo se pou legliz yo dwe ye, e se tou.

O Bondye, èske yo reyalize ke chak pawòl nou di, ki te pwouve syantifikman, li sou anrejistreman? E l kòmanse lè nou kòmanse ap viv sou tè sa a. Li fini lè n mouri, e li mete nan albòm Bondye, pou l tounen jwe ankò nan Jijman an.

Kijan n pral chape anba l, kondanasyon Bondye a, si bagay la te fèt tèlman klè devan nou e poutan nou rejte L?

O chè Bondye, Pawòl sa yo pa janm mouri. Yo kontinye ankò epi ankò. Anrejistreman an pral jwe nan Jou Jijman an. Ou wè men sa yo ki te leve, Papa. Lap la a nan Jou Jijman an. Epitou, kisa kè yo tap panse, ap la a nan Jou Jijman an.

145 Kounye a, Papa, Bondye, m mande W, antan ke sèvitè W, m priye ke W ap retire tout inikite a sot nan pèp Ou. *Inikite*: on bagay ke n konnen nou te dwe fè, e n pa fè l. David te di: “Si m konsevwa inikite nan kè m, Bondye pap reponn priyè m.” M priye, Bondye, ke W ap pran inikite nou, paske Pawòl la se miwa W ki montre nou a ki pwen nou lwen pou n pitit gason ak pitit fi Wa a. Papa, m priye ke W ap fè l, aswè a.

146 E fè ke sa a s on lotèl, paske lotèl la chaje ak moun. E fè lotèl sa a, la a nan chèz la kote yo chita a, fè ke lotèl la, se kè yo. Se pou mond lan deplase sot nan chak frè, sè anndan isi a. E se pou ti jèm Lavi sa a, jèn Bondye ke nou fèk pale de li a, atribi sa a ki te desann sot nan Bondye, epi te manifeste isi a pou onore epi glorifye Bondye. Bondye, elwaye mond lan de sa.

147 Lèt yo, m pa ka priye, Seyè, paske “maladi an jouk nan lanmò,” e pa g anyen la a ki lakòz yo deplase. Men sila yo ki ka deplase, e konnen ke li pa bon, netwaye kè yo ak nanm yo, aswè a, Papa. E ke yo ranpli ak Lespri W, mache nan Limyè W.

148 Beni chè pastè sa a, ki jenn, an sante, epi ki parèt djanm isi a, Seyè. Jenn gason sa a, ki enflyanse, li te di, pa sa l te wè W fè. Jenn gason debyen sa a, O Bondye, mete dife nan nanm li. Akòde l, Seyè. Se pou l on vrè bèje, san rete tout tan, pou nourri twoupo a ke Sentespri a te fè l siveyan l. Akòde l, Seyè. Ke l pa vire adwat oswa agòch, okenn direksyon pou okenn kredo, okenn anyen lòt ke Pawòl Bondye ki pa altere ki sot nan bouch li, e Sa sèlman. Beni l, Bondye, limenm ak byenneme l yo, ak ti legliz li a isi a. Se pou W avè yo, Papa.

149 M remèt sa a ba Ou, Papa. Semans lan te seme. Se pou l tonbe sou semans sa a ki te òdone pou Lavi, epi fè grandi dè Kreyen remakab, djanm pou asanble sa a isi a, ak lòt asanble kote yo soti yo. Akòde l, Seyè. M remèt li ba Ou, nan Non Jezikri, Pitit Bondye a.

E, Papa: Li te blese pou transgresyon nou yo, maspinen pou inikite nou; chatiman lapè nou te sou Li; e pa mak Li yo nou te geri.”

150 M te wè k ap pase nan pòt la, sa fè kèk moman, yon pòv madanm ajite. E, O Bondye, nan pwòp fanmi l, ki gran bagay ki te akonpli, kijan Ou te manifeste Tèt Ou! M priye, Bondye, pou madanm sa a. Retire tout pase anvan sa a, de lavi, Seyè, epi geri l aswè a. Èske W vle, Seyè? Pran l pou Ou.

151 Ou wè li, timoun piti yo ki chita isi a, Seyè, ki bezwen gerizon, lòt yo. M priye ke W ap geri yo, Papa. Akòde l. Se pou gran pouvwa gerizon W lan vini epi geri nou, toude ni nanm ni kò.

152 E kounye a, a noumenm kounye a ki nan legliz la isi a, oswa deyò, ki bezwen gerizon, m vle pou n leve men nou anlè, di: “M bezwen gerizon, Frè Branham.” Sanble tankou tout moun bezwen. Trè byen. Èske n kwè m se yon sèvitè Kris? Di: “Amèn.” [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Alò, m vle nou poze men nou youn sou lòt. Jis poze men nou youn sou lòt. Nou te leve men nou, sa se anndan oswa deyò, nou leve men nou, ke n te dè kwayan nan Bondye.

Jezikri te di, dèny komisyon l pou Legliz la: “Ale nan tout mond lan, epi preche Levanjil la bay tout kreyati. Sila ki kwè epi batize va sove. Sila ki pa kwè va kondane. E siy sa yo va swiv sila yo ki kwè; nan Non M yo va chase demon yo; yo va pale ak nouvo lang; si yo pran sèpan oswa bwè dè bagay ki mòtèl, sa pap fè yo mal; men, si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.” Kounye a, Jezi te di sa. Sonje, Li te di sa. Sa dwe fèt. Li pa tap di sa, sòf si yon moun te ka kapte Pawòl sa a.

Jis tankou matris Mari te ka kapte jèm lan: “Yon vyèj va ansent.” Tankou yon pye palmis te ka kreye, yon pye bwadchenn sou on bit, se Pawòl Li ki te fè l.

Pawòl Li ka ankre nan kè nou kounye a menm. “M s on kwayan, Seyè. Mesye oswa fanm sa a ke m gen men m sou li, Y ap souffri. M pa priye pou tèt mwen. Paske, y ap priye pou mwen. M ap priye pou li, oswa pou li. E, O Bondye, geri l, geri l. E m s on kwayan, e kounye a nou rasanble. Yo fèk anseye nou ke nou te ak Kris lè L te mache sou latè, paske nou fè pati de Pawòl Li. Nou te souffri avè L. Nou te senyen avè L. Nou te mouri avè L. Nou t antere avè L. Nou resisite avè L, e nou chita ansanm nan plas Selès yo nan Kris Jezi. Gran Wa an chita isi a nan mitan nou, e m s on pitit gason oswa yon pitit fi pou Wa sa a. E m gen menm ki poze sou on pitit gason oswa on pitit fi Wa an, k ap priye pou mwen, e m ap priye pou yo. Kounye a, Seyè, reponn priyè m, epi geri pitit gason Bondye sa a oswa pitit fi Bondye sa a.”

Ansanm kounye a, ann priye youn pou lòt.

153 Seyè Jezi, nou vini nan imilite, ap konfese tò nou yo. Nou vini, ap konfese ke nou diy de maladi ak lanmò, ak lapenn, men n ap asepte pwopisasyon W lan pou peche nou yo ak maladi nou. E, aswè a, pitit gason ak pitit fi Bondye sa yo, ki chita isi a, tandè koreksyon Pawòl la, e ap leve men yo, epi ap vle yon mach ki pi pre. Y ap lonje men youn sou lòt kounye a paske yo kwè ke Pawòl Ou vrè. Yo kwè ke nou resisite ak Kris kounye a, chita nan plas Selès yo avè L. Yo gen men yo youn sou lòt, ap priye youn pou lòt.

Ou te di: “Priyè lafwa va sove malad la, e Bondye va leve l kanpe; e si l te fè nenpòt peche, yo va padone l li. Ap konfese fot nou youn bay lòt, priye youn pou lòt, konsa nou te ka geri. Paske priyè jis lan ki fèvan epi efikas sèvi anpil.” O Etènèl Bondye, tandè priyè sèvitè W yo.

E kounye a, li ekri ankò: “Si moun yo, ki rele pa Non Mwen, va asanble tèt yo ansanm, epi priye; lè sa a M ap tandè depi nan Syèl.” O Bondye, tandè priyè pitit Ou yo aswè a, depi nan Syèl. Voye Sentespri an desann sou oditwa sa a, tankou yon van pwisan k ap vante. E nou mennen moun sa yo devan Bondye.

154 Satan, yo bat ou. Ou s on èt yo bat. Jezikri te konkeri w nan Kalvè. Ou pa g okenn pouvwa. Ou s on blòf. N ap rele men w, aswè a. Nan Non Jezikri, soti nan moun sa yo isi a, noumenm maladi ak enfimite. E se pou y ale, lib, nan Non Jezikri, Pitit Bondye a.

155 Alelouya! Santi glwa Bondye a! Santi priyè w ki reponn. Ou kwè Bondye te reponn moun ki chita bò kote w la? Konbyen moun ki kwè sa? Leve men nou. [Asanble rejwi—Editè a.]

Mwen renmen Li, mwen...

Ak men nou anlè kounye a, chante l ba Li, ak tout kè nou.

Paske L te renmen an premye...

Èske n panse sa, ak tout kè nou kounye a?

156 Konbyen nan nou ki santi ke Bondye te padone inikite nou, bagay ke n te fè yo? “E apati de aswè a, O Ayo Bondye, m pwomèt pou mache dwat. M ap mache nan lonè Non ke m rele a, yon Kreyen, lavi tankou Kris. M ap leve men m, Bondye. M dedikase tèt mwen ankò ba Ou, aswè a. M ap mache nan Limyè a.” Amèn.

N ap mache nan Limyè a, bèl Limyè,

Vin kote lawouze mizèrikòd yo klere;

Klere tout nan viwonn nou, lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè a pou mond lan.

N ap mache nan Limyè a, Li s on Limyè tèlman bèl,

Li vin kote lawouze...

Kote L al pare yon plas pou nou.

Klere tout nan viwonn nou, lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè a pou mond lan.

Vini, nou tout sen Limyè pwoklame,

Jezi, Limyè a pou mond lan;

Verite ak mizèrikòd nan Non Li,

Jezi, Limyè a pou mond lan.

Kisa n ap fè lè sa a?

N ap mache nan Limyè a, on Limyè tèlman bèl,

Vin kote lawouze mizèrikòd yo klere;

Klere tout nan viwonn nou, lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè a pou mond lan.

O, èske n pa santi n tou dekrase, santi n byen? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] O la la! Ann bay lanmen antan n chante ankò.

N ap mache nan Limyè a, on Limyè tèlman bèl,

Vin kote...(Bondye beni w, frè.)...mizèrikòd yo klere;

Klere tout nan viwonn nou, lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè a pou mond lan.

Ann jis fenmen je nou epi fredone l. [Frè Branham ak asanble an kòmanse fredone *Jezi, Limyè A Pou Mond Lan*—Editè a.] N ap aji tankou timoun. Nou se timoun.

O, s on Limyè tèlman bèl,

E L vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;

O, klere tout nan viwonn nou, lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè a pou mond lan.

Èske n pa renmen L? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

Lafwa m gade sou Ou,

Ayo W Kalv-...

Jis fenmen je nou epi chante l. Adore nan Lespri a.

Sovè Diven;

Kounye a tande m pandan m priye,

Retire tout peche m,

O kite m apati jou sa a

Pou m pou Ou an antye!

Pandan m mache nan labirent fènwa lavi,

Epi chagren repann nan viwonn mwen,

O, se pou W Gid mwen;

Fè tenèb yo vire lajounen,

Efase perèz chagren,

Nitou pa janm kite m ale lwen

Sot bò kote W.

157 O la la! M konnen m jis on mesye ansyen mòd. M renmen...M panse sa kale, on milyon kilomèt, tout nouvo imitasyon rache, dans fandango, wòkennwòl yo. Ansyen powèt sa yo ki te ekri chante sa yo, Sentespri an te manyen plim sa, epi yo te kòmanse ekri. O la la! M panse a Eddie Perronet ak tout sila yo; gran! Fanny Crosby:

Pa pase sou mwen, O Sovè dosil,

Tande rèl enb mwen.

158 Yon fwa yo t ap eseye pran l. Li pat—li pat fè tankou Pannkotis Elvis Presley a, vann dwa nesans li pou on pil Cadillac. Li...Moun vin jwenn li epi te mande l pou ekri—ekri chante lemonn. Li te di: “M pa tap fè l, pou anyen.”

Yo te di l: “Poukisa, ou avèg. Lè w rive nan Syèl, kijan w ap konnen L?”

Li te vire tounen, enspirasyon, kidonk li te di:

M va konnen L, m va konnen L,

E rachte bò kote L m va kanpe;

M va konnen L, m va konnen (Kijan?)

Pa anprent klou nan Pa L...

Otreman di: “Si m pa wè L, m ap santi men L.”

M va konnen Li, m va konnen L,

E rachte bò kote L m va kanpe;

M va konnen Li, m va konnen L

Pa anprent klou yo nan men L.

159 Èske sa pa fè w renmen L? Pati pou pare on plas pou nou! “E si M ale epi pare on plas, M ap retounen ankò, pou resevwa w nan Mwen.”

160 Ti pitit yo ki nan travay di kounye a, obeyi ankò a komandman Bondye yo. E pastè a isi a, si okenn nan nou pa batize, dlo an pral pare. E—e si w vle vin manm legliz la, oswa kèlkeswa sa w vle fè, oswa kèlkeswa, fè l. Ou pat gen batèm lan, Sentespri an, se nwit lan pou resevwa L. Èske n pa kwè sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

161 “O,” ou di: “Frè Branham, li ta. Ou preche twò lontan.”

Pòl te preche tout nwit, yon nwit, menm kalite Mesaj sa a. Epi on ti...On jennonm te tonbe sot nan miray la epi te touye tèt li. Epi Pòl, tèlman wen ak menm kalite Mesaj sa a, te poze kò l sou li, epi lavi tounen nan li ankò. Li toujou “Jezikri menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan.”

Èske n pa renmen L? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ann jis, on fwa ankò, ak men nou anlè, “Mwen renmen. Mwen renmen L.”

Kote piyanis la? La a, si w vle, sè, kèlkeswa moun li ye a. Ban nou ti akò a, si w vle.

Konbyen moun ki renmen L? Jis leve men nou. Di: “M vrèman renmen L. M jis renmen L, ak—ak tout kè m. M renmen L.”

162 Kounye a ann jis chante l, pou glwa Bondye. Kounye a, ak je nou fenmen, men nou anlè bay Syèl la: “Mwen renmen L. Mwen renmen L.” N ap adore L. Lè n preche, epi koupe, epi rache, epi rale kon sa, sa se bagay pou anbome ke Bondye vide, epi ki geri. “G on bagay pou Anbome nan Gilead, pou nanm lan.” Ann chante l kounye a. Ban nou akò a.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske L te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

163 E si... “Sa tou lèzòm ap konnen ke nou se disip Mwen, lè nou gen lanmou, youn pou lòt la.” Se vre. Si n pa ka renmen youn lòt ke n wè, kijan n pral renmen Bondye Ke n pa ka wè?

Mwen renmen L.

164 [Frè Branham pale ak on frè sou lestrad la—Editè a.] Bondye beni w. [Frè an di: “Etan isi a aswè a s on reyèl lonè ki sot nan Syèl.”] Mèsi, frè. [“Sa vrèman byen.”] Kounye a, m panse legliz la, chak moun, te fòtifye Pa vre? [“Wi. Vrèman.”] Bondye beni w, Frè Boone. M ap remèt ou asanble a. Bondye beni w.